ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕЛЬ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№89 (21.747) ● 2010 гъэм накъыгъэм (майм) и 15, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Аруан куей

Къанокъуэ Арсен футбол губгъуэ ІэрыщІыр къызэІуех.

Ныбжьыщ1эхэм папщ1э

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен хэтащ Нартхьалэ футбол губгъуэ Іэрыщ1 къызэрыщызэІуахым екъэлІа Іуэхум.

АР И ПЭЖЫПІЭКІИ я гуфІэгъуэт псоми - футболыр фІыуэ зыльагъуэхэми, тренерхэми, ныбжьыщІэхэми, куеймрэ къалэмрэ я унафэщІхэми. Иужьрейхэм къаруушхэр ирахьэлІащ мы уэхэныгъэр и чэзум икІи фІагъ хэлъу къызэІатІэувэным.

Губгъуэм республикэ бюджетым щыщ ахьшэу сом мелуан 19,6-р трагъэкІуэдащ. Абы тІысыпІэ 300 иІэщ, и гъунэхэр зыхуэят хуагъэзащ. Мыгувэу губгъуэр уэздыгъэкІэ ягъэнэхуу щІадзэнщ.

Лент пльыжь цІыкІур зэпиупщІын и пэкІэ, Къанокъуэ Арсен районым щыщ ныбжьыщІэхэм екъуэхъуащ икІи къыхигъэбелджылыкІащ иужь илъэсхэм ята спорт псэуалъэхэм, апхуэдэу спортым ди дежь щыхуащІ гульытэм ІуэхуфІхэр къызэрырикІуэр: Къэбэрдей-Балькъэрым и лІыкІуэхэм я щІэхэр щыІу хьуащ европэ, дунейпсо зэпеуэхэм. «Сыщогугъ мы губгъуэм щыджэгуну ныбжьыщІэхэми мыгувэу Налшык и «Спартакым» и щІыхьыр урысей футболым и премьер-лигэм щахъумэну», - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм. Губгъуэм ихьэхэри, Къанокъуэ Арсен япэу топ ирагъэуащ.

ИужькІэ хьэщІэхэр трибунэхэм итІысхьащ футболист ныбжьыщІэхэм губгъуэщІэм зыкъызэрыщагъэлъагъуэм еплъын папщІэ.

«2009 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм футболым зыщегъэжьыжьыну программэм ипкъ иткІэ, дызэрыт илъэсым футбол губгъуэ 15 яу хуэну я мурадщ. Абыхэм ящыщщ Нартхьалэ цІыхухэр нэхъ Іув дыдэу щызэхэс хьэблэм щыІэ школ №6-м щаухуэну футбол губгъуэ Іэрыщ1 цІыкІури.

СОКЪУР Римм.

ЦІыхухэр ядыгъу

«Рейтер» хъыбарегъащІ Іуэхущ1апІэм къызэрыгъэкІэ, «Аль-Каидэ» террорист зэгухьэныгъэм ящ1ауплъ ныгъэр къещІэ Франджым щыщ цІыхухьу Нигерием зэрыщадыгъуамкІэ.

Абы щыхьэт тохьэу экстремистхэм я сайтыр зыдж, США-м и «Site intelligense Grup» Іуэхущ1апІэри.

Боевикхэм Интернетым къыщагъэІуащ гъэр ящІа Жермано Майкл и макъыр, зыхуейр абы кърагъэІуатэу. Абы щІагъуащ Майкл и суэрэтымрэ и щыхьэт тхьылъхэм тращ1ыкІыжа тепІэмрэ.

Террористхэр хущІокъу Франджым щагъэтІыса я акъылэгъур гъэр ящІамкІэ кхахъуэжьыну. Гъэрым и гъащІэмкІэ жуаят зыхьыр Франджым и президентырауэ кьагъэув.

Жермано Майклрэ абы и водительмрэ гъэр ящІащ мэлыжьыхьым и 22-м, Алжирымрэ Нигериемрэ я къэрал гъунапкъэм пэмыжыжьку. А щІыпІэхэм (Ниге-рием, Малим, Алжирым) туристхэр куэдрэ щадыгъу, а къэралхэм «Аль-Каидэр» зэрыщытепщэм къыхэкІыу.

28-р уІэгъэщ

Къыргъызым и Джелал-Абад къалэм дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Шамиев Абды зэрыжиІамкІэ, иджыблагъэ зэфаграуа властымрэ абы я пІэр зыудыдахымрэ я тельхьэхэр зэхуэ нэужь, хІэгъэ 30-м нэбдапхэ сымаджэщым къращэлІащ.

А къалэращ къыщалъхуари щапІари президенту щыта Бакиев Къурмэнбэч. Дыгъуасэ абы и тельхьэхэм пэкІу ирагъэкІужІыну щызэхуэхам, пІалъэкІэ лажьэ ираутыным и унафэщІ, къэралым щынэхъ ин дыдэ «Ата Мекен» партым щыщхэр кьапэуври, зауэр зэхаублащ.

- Иджыпсту ди сымаджэщым щІэлъщ а зэхэуэм къыхаща цІыху 28-рэ. Щыр операцэ ящІ, - жеІэ дохутыр нэхъыщхьэм.

УІэгъэхэм зэрыдэІэпыкъуну псори дохутырхэм яІэщ.

Мэкъумэшыщ1эхэри мэзауэ

НАТО-м и зауэлІхэм щыщ аргуэру Афганистаным щыфІэкІуэдащ - нужьрей махуэм къриубыдуэ сэтэи 4 боевикхэм кьаукІащ.

Кандагар куейм хьихэ Наконай къуажэм пэмыжыжьэу дыгъуасэ къыщагъэуа лагъымым ихьащ Канадэм щыщ зауэлІыр. А къэралым щыщу 2002 гъэ лъандэрэ Афганистаным щаукІащ цІыхуи 144-рэ.

Бэржьейми Гельменд куейм къыщаукІащ США-м щыщ сэлэтитІ.

Мы гъэм и накъыгъэ закъуэм къриубыдэу НАТО-м Афганистаным щыфІэкІуэдащ щ1ыу 23-рэ. А къралым и ищІэ, къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ арияныр кьызыхах Іущхьэр къыщразхьэлІэжа нэужь, мэкъумэшыщІэхэр щхьэхуит мэхъури, нэхъ гуащІэу зэуэн щІадзэ. Ахэр хуейкъым хамэщІ къикІа зауэлІхэр я хэку щыІэну.

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 15, щэбэт

♦Осетиншьэмрэ литературэмрэ я махуэр Осетие Ищхьэрэ-Аланием щагъэлъапІэ.

♦ Ставрополь щІыналъэм и махуэщ

♦Европэм и махуэр Украинэм щагъэлъапІэ.

♦1992 гъэм Ташкент Ермэлым, Къзахъстаным, Кыргъызым, Урысейм, Таджикистаным, Узбекистаным я лІыщхьэхэм Іэ щыщІадзащ зэгъусэу шынагъэншагъэ кьызэрызэрагъэпэщыщмкІэ зэгурыІуэныгъэм (ОДКБ).

♦1935 гъэм Москва и метром япэ мафІэгур ирикІуащ.

♦1942 гъэм 115-нэ Къзбэрдей-Балькъэр лъэпкъ шуудей дивизэр зауэм Іухьащ.

- Иджыблагъэ ди сымаджэщым щІэлъщ а зэхэуэм къыхаща цІыху 28-рэ. Щыр операцэ ящІ, - жеІэ дохутыр нэхъыщхьэм.

Абы и щхьэ зыгъэпэщыжьыну псори дохутырхэм яІэщ.

Накъыгъэм и 16, *тхьэмахуэ*

♦СПИД узыфэм и лІыкІахэм я фэепль махуэщ

♦ИлІэс 20 и пэкІэ зэхэтащ РСФСР-м и щІыхьэ» депутатхэм я Япэ съезд. Абы РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщ1у щыхахащ Ельцин Борис.

♦Илъэси 190-рэ и пэкІэ урыс усакІуэ гъуэгуанэ **Пушкин Александр** пащтыхь унафэщІ хэкур ирагъэбгынэри, зауэ щекІуэкІ Кавказым кьагъэкІуащ.

♦1808 гъэм кьалъхуащ адыгэ тхыдэтх, этнограф, тхакІуэ **Хьан-Джэрий СультІан**. 1842 гъэм дунейм ехыжащ.

Накъыгъэм и 17, *блыщхьэ*

♦Электросвязьмрэ телекоммуникацэмрэ я дунейпсо махуэщ

♦Накъыгъэм и 17-18-хэм Урысей Федерацэм и President Медведев Дмитрий Украинэм кьэрал ІуэхукІэ кІуэнущ.

♦Накъыгъэм и 17 - 20-хэм Страсбург (Франджы) щыІэхэтынущ Европарламентым и зэІущІэ.

♦Накъыгъэм и 17 - 21-хэм Венэ (Австрие) щекІуэкІынущ щІэпхъаджагъэ къэмыгъэхъунымрэ апхуэдэ зылэжьахъэм тезыр зтелъхьэнымкІэ Комиссэм и 19-нэ сессие.

♦Накыгъэм и 17 - 21-хэм Женевэ (Швейцарие) щызэхэтынущ щІэныгъэмрэ техникэмрэ зегъэужьынымкІэ ООН-м и Комиссэм и сессие.

ИлІанэгъэ зыльхьэлъэрыр **ГЪУЩІО Зарифи.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ХьэщІэр мэлым нэхъ Іэсэщ.

● Студент гъатхэ-2010

Псори зэпалъытауэ Іуощ1э

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хужьхъэзырщ Налшык къалэ накъыгъэм и 16 - 20-хэм щекІуэкІыну «Урысей студент гъатхэ-2010» фестивалым.

ЩІАЛЭГЪУАЛЭ зэхьыхьэм и гимныр щыхьаящ. Абы и псалъэхэр ейщ фестивалым и гъэзэщІакІуэ директор Махнаковэ Анастасие, макъамэр щІилъхьащ Волгоград щыщ композитор Каменскай Виктор. Япэ дыдэу а гимныр ягъэзэщІащ Волгоград и еджапІэ нэхъыщхьэм щІэс студент-хэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жыпІагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуалэ ІуэхуэхэмкІэ и министерствэм фестивалым хэтынухэм я Іуэхуэхэр дэзыгъэкІыну, я шынагъэншагъэр кьызэзыгъэпещыну штаб щолажьэ.

КьызэрабжамкІэ, фестивалым цІыху миниф щІигъу хэтынущ.

БЕЖАН Беслъэн.

Шыбзыхъуэ Фрал зыукІахэр къалъхьуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и президентым и чэнджэщэгъу Шыбзыхъуэ Фрал щІэпхъаджащІэхэм зэрагъэшІэкІуэдар псоми гущІыхьэ яшыхьуащ. Ар нэхъапэм къэрал кІуэщІ Іуэхуэхэмкіэ Іэнатіэхэм щылэжьащ, Адыгэ Хьэблэ куейм и администрацэм и унафэщІу щытащ.***

- ЯЛЭЖЬА щІэпхъаджагъэр хьэрычэтыщІэ Іуэхум пыщІакъым, сэ сызэрыщыгъуазэмкІэ абы апхуэдэ бизнес иІэкъым. Шэч кьытесхьэркъым ар политикэм тегъэщІащэ зэрыщытым, - жиІащ КъШР-м и президент Эбзеев Борис.

Іуэхур зэкъэгъэкІэхэм кьыдзэратамкІэ, Черкесскэ къалэм и уэрамым къэрал къуэлыкъущІэм бзаджащІ ящІ къыщытеуэри бейсбол битэмкІэ яубрэжьащ, нужьым Іэщэ трагъапсэри ящІащ.

Зызыгъэпщ1ужа лІыкІэхэр къалъхьуэ. У головнэ Іуэху кьаІэтащ.

Бырсыр Абдулыхь и лэжьыгъэр къалъытэ

АДЫГЕЙ. ***Мейкъуапэ къалэкум щагъэувыныщ Урыс-Кавказ зауэм и лей зытехьахэм я фэепль.***

ФЭЕПЛЫР ящыщыхьыну «Ди Хэку» Урысейпсо зэпеуэм къэралым и къали 100-м, Къзахъстаным, Украинэм, Израилымрэ США-мрэ я сурэтыщІэхэмрэ скульптэрхэмрэ я Іэдакъэщ1экІэхэр ягъэхьат.

Люрим нэ хьыфІу кьыхахэм яхэхуащ Адыгейм щыщ сурэтыщІ икІи скульптор Бырсыр Абдулыхь Зэкъуэтыныгъэмрэ» зыфІищ лэжьыгъэр. Ар мэкъуауэгъуэм и 15-м Москва и «Манеж» залым щагъэлъэгъуэнущ.

Бырсырым и Іэдакъэщ1экІыр илъэсищэ зауэжьым зэкІуэдахэм щхьэкІэ Мейкъуапэ щагъэувыну мемориал комплексым и купщІэ нэхъыщхьэщ. Езы Абдулыхь зэрыжиІэмкІэ, комплексым и кум щагъэувынущ фэеплъыр вагъуэхэмкІэ зэщІэблауэ, апхуэдэуи къэралыгъуэм, лъэпкым и щэнхабзэм я нэщэнэхэр кьыгеущ, тхыдэм кьыщыхъуахэр, щІыху щІэрыІуэхэр зытепльагъуэу щытынущ.

Апснымрэ Ингушымрэ я сэбэп зыхэлъ

АБ ХЪАЗ. ***Узыншагъэр хъумэнымкІэ министр Маршание Зурабрэ Ингуш Республикэм и правительствэм и унафэщІ Воробьев Алек сейрэ зэкуэдащ. Ахэр тепсэлъыхьащ республикитІыр зэдэлэжьэным, студентхэмкІэ зэ хьуэжьным, сабинхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхуагъэхэр къызэрэщыпым. Абхазым и ветеранхэм я узыншагъэр Ингушым щрагъэфэкІуэным теухуа Іуэхугъуэхэм.***

- АБХЪАЗЫМ медицинэ институт щыІэкъыми, дэ дохутырхэм дахуэныкъуэщ. Абы кьыхэкІыу ди студентхэр я Іэщ1агъэм Ингушым щыхуеджэным ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, - кьыхигъэщащ Маршание Зураб.

Ингуш правительствэм и унафэщІым Абхъазым сыт и лъэныкъуэкІи зэрызыщІагъэкъуэнур, я зэпыщІэныгъэм адэкІи зэрызрагъэуужьынур кьыхигъэщащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Щ1эныгъэ

Щ1ыуэпсым къыщ1ыхъу зэхъуэкІыныгъэхэм топсэлъыхь

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Іуащхьэмахуэ лъапэ щиІэ хэщІапІэм иджыблагъэ щекІуэкІащ щІыуэпсым къыщ1ыхъуэхэм, Кавказ Ищхъэрэм геодинамикэ, сейсмотехникэ я лъэныкъуэкІэ щыІэ щытыкІэхэм ятеухуа урысейпсо щІэныгъэ конференц.

КъБКъУ-м и ректор, конференцым и къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ Къарэмырзэ Барэсбий зэІуущІэм къыщыщІапсалъэм къыхигъэщащ, щІыуэпсым къыщ1ыхъу зэхъуэкІыныгъэхэм якІэлъыплъу, къэхутэныгъэ щхьэхуэхэр ирагъэкІуэкІыу гуп хэха къэралым зэрыщылажьэр, икІи а къэхутэныгъэхэм кърикІуахэр Іэмал имыІэу хозяйствэм и къудамэ зэмылІэужьыгъуэхэм къызэрыщагъэсэбэпынур.

- Мы зэманым ди университетым щолажьэ кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ кафедрэм кьегъэщІылаІэ щІэныгъэ лабораторэу 5. 2001 гъэм кьыщыщІэдзауэ ди Іэ зэгурыІуэныгъэхэм япкъ иткІэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и институтхэмрэ, кьыхэдгъэщІэ, геофизикэ службэмрэ географиемкІэ, Шмидт Отто и цІэр зэрихьэу щІым и физикэмкІэ щыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм, дадолажьэ, - жиІащ Къарэмырзэм.

Конференцым зыщ1ытепсэлъыхьыну унэтІныгъэ щхьэхуэхэр щаубзыхум, кьыхагъэщащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэуэр щІыуэпс и лъэныкъуэкІэ нэхъ зыгъэпЕйтейр - Іуащхьэмахуэ вулканым и щытыкІэм - теухуар. Абы и гугъу ищІащ щІым и физикэмкІэ институтым и профессор Собисевич Леонид.

- Іуащхьэмахуэ теухуауэ ирагъэкІуэкІа кьэхутэныгъэхэм, кърикІуахэм я гугъу тщІымэ, жьІэн хуейщ США-м и Стэндфорд университетым и лэжьакІуэхэм я гъусэу дэ Европэм и щыгу нэхъ льагэ дыдэм дызэрыкІэлъыплъар, абы и зэхэлъыкІэр зэрыдджар. Абы щыгъуэм дэ къэдгъэсэбэпащ къэрыщым щытраха сурэтхэри. Къэхутэныгъэхэм кърикІуахэр я лъабжьэу, жьыпІэ хуэмыту Іуащхьэмахуэ вулканым зэман гъунэгъуэм «зэрызымыгъэхьеинур», - жиІащ.

Конференцым хэтащ КъБКъУ-м и лэжьакІуэхэр, МКЪУ-м Астрономиемкіэ и институтым, Ищ1э федералнэ щІыналъэм и университетхэм, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и институт зыбжанэм я лІыкІуэхэр.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

● Футбол

Щ1алэгъуалэ зэпеуэ

«Томь» - «Спартак-Налшык» - 0:0

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм хэт командхэм я щІалэгъуалэ гупхэм я зэпеуэм хьыхь зэІущІэ налшыкдэхэм дыгъуасэ Калтай къалэм щрагъэкІуэкІащ. Джэгур зэрытемыгъэкІуауэ, 0:0-у, нухащ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Томь»-мрэ я балигъ командхэр ноб сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 15-м Томск щызэІущІэнущ.

ХЬЭТАУ Исльам.

Налшык и уэрамхэм кьытеуваш гу цІыкІум ису къэзыкІухь ныкъуэдыкъуэхэр тышу кьэрашэкІыным хуэшІа автобусхэр. Волжскэ автомобиль заводым щагъэхьэзыра машинэхэр зыхуащІахэм я тынш ыгъуэм сыткІи тегъэпсыхьащ. АвтобуситІыр сом мелуани 8-рэ мин 400-кІэ кьащэхуащ, ахьшэм и процент 30-р республикэ бюджетым кьыхэкІыу.

«НАЛШЫК АВТОБУСТРАНС» Іуэхущ1апІэм игъэлажьэ а автобусхэм итІысхьэнымрэ ныкъуэдыкъуэхэм ящыщыгъэпсынщІэ Іэмэпсымэхэр итщ. Автобусым ис цІыхур кьызэІыхьэмэ, абы текъуэзапІэ цІыкІур кьигъэсэбэпын хуей кьудейуэ аращ. «Зэрыгурыуэгъуэщи, мы автобусхэр зезыгъакІуэхэр зи Іэщ1агъэм хуэІэзэ цІыхуэхэщ. Дэ дыхущІэкъунущ ныкъуэдыкъуэхэм тышу кьакІухьыныр кьызэдгъэпэщыну», - жиІащ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Таучэш Хьисэ.

Зи гугъу тщІы автобусхэм языр маззм и зэпэмыбж махуэхэм щызэкІуэнущ Самотечнэ уэрамым кьыщыщІэдзауэ етІуанэ кьалэ сымаджэщым нэсыху дэлъгъуэгуанэм. ЕтІуанэр зэпэбж махуэхэм щылэжьэнущ Шэшэн уэрамым тет «Стройдеталь» заводым кьыщыщІэдзауэ Тэрчокъуэм и уэрамым нэсыху (5-нэ хьэблэ цІыкІу). Мы гъэгуанэхэм кьалэ псор кьызэщІауБыдэ, автобусхэр йокІуалІэ щІыхуэхэр нэхъ зыдэкІуэрей Іуэхущ1апІэхэм: зи ныбжь хэкІуэтэхэр щыпсэу унэм, сымаджэщхэм, поликлиникэхэм, аптекэхэм, поштым, пенсэ фондым и къудамэхэм, нэгъуэщІхэм. Транспортыр щызекІуэну зэманыр автобусхэм я кІуэцІхэм мыгувэу щыфІадзэнущ.

ДЗЭМЫХЬ Лилэ.

● Щ1э

Тыншын щхьэкІэ

■ Гъуэздж э ■ Фэеплъ ■ Малъхъэдис

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт Щ1ыбэт къыдэкІыгъуэ ■ Щ1эн-хабзэ

Іэ тезыдзэхэм я махуипщІ

Федерал пощт зэпыщІэныгъэмкІэ КъБР-м и къудамэм республикэм щыпсэу псори Іуэхущ1апІэхэри ирегъэблагъэ 2010 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ традзэным теухуауэ накъыгъэм и 13-м кьыщыщІэдзауэ 23-м нэсыху екІуэкІ урысейпсо Іуэхум хэтыну.

А лъэхъэнэм кьриубыдэу фэ щІынальэм кьыщыдэкІ газет, журнал псоми, Москва кьыщыдэкІ газет т, журнал зыбжанэми Іэ тевдзэ хьунущ связым и Іуэхутхьэбзэхэр зи уасэхэм нэхърэ проценти 10-кІэ нэхъ ну ду.

Накъыгъэм и 13-м кьыщыщІэдзауэ 23-р кьэсыху пощт Іуэхущ1апІэхэм фыйухьэ икІи уасэ пудхэмкІэ газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тевдзэ.

«Урысейм и пощт» ФГУП-м КъБР-м щиІэ къудамэ.

● Май куей

ФокІадэм и 1-м ирихьэлІэу

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен пщэрылъ зэращищІам тету. Май районым физкультурнэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ1апІэм и унэ щІэгъэхъэжьауэ щаухуэ. Абы республикэ бюджетым сом мелуан 69-рэ щыхухахащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭР ирегъэкІуэкІ сом мелуани 8 кьахудзэыгъэхуэну жызыІэу адрей подрядчикхэм аукционым щатекІуа, Мэзкуу кьалэм и «Ипщэ уху-акІуэ компание» ОАО-м. Зэгурыуэныгъэр зэрыкъуэрадзылІэу лэжьыгъэм щІадзами, абы щэщІауэ яужь щихьар гъатхэрщ.

УхуакІуэ компанием и вице-президент **Дидаев Сэлмэн** зэрыжиІамкІэ, ахьшэр и чэзум кьаІэрохьэ. Компанием щхьэхуэу иращ1ылІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, унэр 2010 гъэм фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу ятынущ.

- Укуэныгъэр КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я нэІэ тету йокІуэкІ, куей администрацэм и Іэтащхьэ Атаманенкэ Юрэ Іуэхур зэрыкІуатэм зэпымыууэ кІэлъполъ. Махуэ къэс цІыху 50-м нэблагъэ мэлажьэ, техникэ зэмылІэужьыгъуэу 12-м щІигъу кьыдогъэсэбэп. Нобэ ирихьэлІэу лэжьыгъэхэм я процент 40-м нэсыр зэфІэдгъэкІащ. Іуэхущ1апІэр и пІалъэм ттыным ди кьару псори етхьэлІэнущ,- кьыхигъэщащ Дидаев Сэлмэн.

ИУАН Заирэ.

● Нобэ

Мыд Хьэжмусэ теухуауэ

2010 гъэм накъыгъэм и 15-м Щ1ОджэнцІыкІу Алий и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым зэІущІэ щекІуэкІынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэдж эхэмкІэ щ1ыхь зпІэ и пэжьакІуэ Мыд Хьэжмусэ Хьэжмурат и къуэр кьызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуауэ. Ар сыхьэт 13-м щІидзэнущ.

МЫД Хьэжмусэ лІыхъужьыгъэ зэрихьэу Хэку зауэшхуэм хэтащ, Бэракъ Плъыжь, Вагъуэ Плъыжь, Хэку зауэшхуэм и І нагъыщэ орденхэр кьыхуатэфэщащ. Ар лэжьащ КъБАССР-м гъуэздж Іуэхуэхэр зэфІэзых и упреленэм, уэрэдымрэ кьафэмкІэ (иджы «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ гупым) ансамблым я унафэщІу. Ар Къэбэрдей къэрал драмэ театрымрэ КъБР-м и телевиденэмрэ я япэ режиссерхэм ящыщ зыщ.

БЛИЙ Даянэ.

Спортыр хуэмыдэжьу

Щ1ыгъуэ

Щ1ыгъуэ

Щ1ыгъуэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Индырэ Тэнэрэ деж

● ТекIуэныгъэ-65

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрыригъум щрихъеIэу Урысеим и ДОСААФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэмрэ республикэм щэнхабзэкIэ и министерствэмрэ зэгъусэу къыззэрагъэпэщащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр щуыеи дивизэр щыIэуэ щIыпIэхэр автомашинэкIэ къызэхэзыкIухьа гуп. Абы яхэтащ Хэку зауэшхоуэм и зэманым Ростов щIынатIэм щыIэуэ ветеранхэр, а областым щыхэкIуэда зауэлIхэм я бынхэр, я къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр. Иужьрейуэ ахэр зыдыхьэн хуэяр Мартыновкэ Ин къуажэращ.

ГУПЫР гъэгуанэм тевэн и пэкIэ лIыхъужьхэм я фэепIым деж пэкIу щрагъэкIуэкIащ.

Фигу къэдгъэкIыжьищ, ди республикэм къыхилъхьа жэрдэмыр зыхъуэмэжьынымкIэ Комитетым къыдилыгъри, 1941 гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м унафэ къащтат лъэпкъ щуей дивизэ къызэрагъэпэщыну. Абы хагъэхьат щыху 5500-рэ. Ар ди лъахэ щыкIым и дежкIэ егъэлеяуэ бжыгъэшхуэт, зи къару иIыгъуэ, псори нэхъ пасэу дзэм зэрыгъэджауэ щытар къэпIыпIэмэ. 115-нэ щууей дивизэр хэ-тащ Тэнэр Индырэ я зэхуэхуэ Сталинград и бгъэдыхьэпIэхэр бийм щыхъумэным теухуа зэхэуэ гуащIэхэр. Дивизэр а щIыпIэ хэм щыпэзат нэмыцэ танкхэм. Сальск губгъуэхэм щыхэкIуэдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэ мини 4-м щIигъу.

Мартыновскэ Ин слободам нэс километр 650-рэ дэтъщ. Налшык, Псыхуабэ (Пятигорск), Минвод, Ставрополь, Сальск, Пролетарск - а къалэхэм гупыр дэкIащ Ставрополь щIынатIэмрэ Ростов областымрэ я гъунапкъэ зэпыхьэпIэм аэрэ щыгъупастэкIэ, къэзакъ уэрэдрэ къафэкIэ щрагъэблэгъащ. Мартыновкэ Иным нэса нэхъ, куей администрацэм и Iэтащхьэ Сопонов Александр зэ хуэсахэм яхуиIуэтэжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тэрч районымрэ Мартыновскэ жылагъуэмрэ я зэхуаку дэпъ зэныбжьыгъуэм и тхыдэр.

Гупым хэгъэр етIуанэ махуэм щыIащ Мартыновкэ Иным и щIыпIэ музейм. Абы щагъэлъагъуэм и нэхъыбэр 115-нэ щууей дивизэм и лIыхъужьыгъэм теухуащ. ЗекIуэм хэтахэм удэ гъэгъа трапльхащ Кавказым щыщ зауэлIхэм я фэепIым.

Адэкlэ гупыр кIуащ Мартыновскэ районым щыщу дивизэр щызэуа къуажэхэм. Абыхэм я къарамхэм, утыкуэхэм, фэепIэ щIыпIэхэм зэрахьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа лIыхъужьхэм я цIхэр. Новониколаевск щIыпIэ кхъащхьэ закъуэм деж щыщIалъхьар дивизэм и зауэлI 300-м щIегъу. Абы щыщ куэдым я щIэ-унэцIэр нобэр къыздэсми яхуэзэгъэкIакIэ. Дивизэм теухуа щыхьэт тхыльхэр къагъуэтыным, хэкIуэдахэм я цIэ-унэцIэр къэхутэным йолIэжь «Патриот» зи фIэщыгъэцIэ пIыхъуакIуэ орэдыгъ. 115-нэ щууей дивизэм и цIэр зезыхъэ кIуэрт щколым щ-дж-хэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ наIуэ къэхъуащ Мартыновкэ деж щыIа зэхуэхэм я тхыдэм хэлъ щхэу куэд.

Лысый Курган хуторым деж, зауэ Iуэху зэхьыщIэхэм папщIэ мыхьэнэщхуэ зиIэ -50- гъэгапIэм щIэзэтеувыIэри, 1942 гъэм и бадзэуэгъуэм щыIэ гъэм и 297-нэ, 298-нэ полкхэр хэкIуэдэху щыIэуащ. Абы япэмы жыжьэу зыщагъэбыдат Гуанэ Хьэцу зи унафэщI топгъауэхэм. Абыхэм ящыщу хэкIуэдахэм языхэщIы и цIэ-унэцIэм нэгъабэ и накъыгъэ хъуху зыри щыгъуазэ щытакъым. Иджы ар псоми яцIыху. Ар Къуэлъкъужьым щыпсэуа Шымэзокъуэ Жэмалдинщ.

Зауэлхэм кхъащхьэ щыхухахар уней щIапIщ. Абы я фэепIым илъэс куэдкIэ и нэ-тригъэтащ Отроковэ Ульянэ. Иджы пщIэнхуэ зыхуащI а къалэныр егъэзащIэ Ульянэ и къуэ Александр. Гу лъыботэ дивизэм щыщ зауэлIхэр щыщIалъхьа щIыпIэ псори егуГуэу зэрызэрахьэм. Щыхухэм кхъащхьэхэр ягъэкIабзэ зэпытщ, - ди зауэлIхэм я лIыгъэр ящIэж, зыщагъэгъупщэрхьым.

Накъыгъэм и 1 гуфIэгъуэ махуэхэм Мартыновкэ къикIа лIыкIуэхэр щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тэрч районым, Хэку зауэшхуэм и зэманым зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIа Курп лъагапIэхэм. Ахэр куейм щыпсэухэм щаIуащIам, щууей дивизэм хэта псоми я цIэ-унэцIэхэм щIэупщIащ, ахэр зэрыт электронпэ тхыльышхуэ къыдагъэкIым мурад яIэу.

КОНАКОВ Хьэсэн,
КъБР-м и Президентымрэ и Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Политикэ партхэм

2010 гъэм и накъыгъэм «Урысей зэкъуэт» партым и унафэщI Путин Владимир и щIыналъэ жылагъуэ Iуэхущ1апIэм щIыхухэр щрагъэблагъэну зэманыр

Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 48. Телефоныр : 77-00-40

Накъыгъэм и 17-м

Сыжажэ Валерэ Хъусейн и къуэм - КъБР-м и Парламентым и депутатым - сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху.

Муравьев Игорь Вячеслав и къуэм - кIалэ курыт школ №03-м и унафэщIым, щIыпIэ самоуправленэм и кIалэ Советым и депутатым - сыхьэтыр 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху.

Накъыгъэм и 18-м

Чеченов Ануар Альмэт и къуэм - КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым - сыхьэтыр 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху.

Бэрсэжэв Юрий Мэрем и къуэм - Пенсэ фондым и кIудамэу Налшык щIыпIэм и унафэщIым, щIыпIэ самоуправленэм и кIалэ Советым и депутатым сыхьэтыр 14 - м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху.

Накъыгъэм и 19-м

Чеченов Ануар Альмэт и къуэм - КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым - сыхьэтыр 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху.

Къуэкокъуэ Артур Жэмал и къуэм - «Налшык» университрэ» ОАО-м и унафэщIым, хъэрычэтыщI лэжьыгъэ мащIэмрэ зэрыгъэлъагъэ я профессиям и рефератхэм я Iэтащхьэм, щIыпIэ самоуправленэм и кIалэ Советым и депутатым - сыхьэтыр 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху.

Накъыгъэм и 24-м

ХъэIупщы Заурбэч Хъусейн и къуэм - КъБР-м и Парламентым и депутатым - сыхьэтыр 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху.

Жамборэ Станислав Виктор и къуэм - «КIбнефтетоппром» ОАО-м и унафэщIым - сыхьэтыр 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху.

Накъыгъэм и 25-м

Куэшей Азэмэт Джабрэил и къуэм - КъБР-м и Парламентым и депутатым - сыхьэтыр 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху.

Темирканов Махъты Уэсмэн и къуэм - Шэрэдж муниципалIэ куейм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм, ЩIыналъэ политикэ советым хэтым - сыхьэтыр 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху.

Накъыгъэм и 26-м

Бечелов Ильяс Борис и къуэм - КъБР-м и Парламентым и депутатым - сыхьэтыр10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху.

Галлыев Ахъмэт Азрэт и къуэм - «ВГТРК» ФГУП-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и унафэщIым и къуэдзэм, ЩIыналъэ политикэ советым хэтым - сыхьэтыр 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху.

Накъыгъэм и 31-м

КIуэкIуэ Казбек Валерий и къуэм - КъБР-м и Парламентым и депутатым-сыхьэтыр 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху.

Иуан Иринэ Борис и пхъум - «Горзеленхоз» МСДП-м и унафэщIым экономикэмрэ финансэмкIэ и къуэдзэм, щIыпIэ самоуправленэм и кIалэ советым и депутатым - сыхьэтыр 14-м къыщыщIэдзауэ17-м нэсыху.

ЖЭРЫКЪУЭборис,
«Урысей зэкъуэт» партым КъБР-м и Парламентым щIиэ депутат фракцэм и унафэщI.

● Дзюдо

Къуэдзокъуэ Мурат ещанэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзюдоист Къуэдзокъуэ Мурат Тунисым щекIуэкIа Гранпри зэхъэзэхуэм жэз медалыр къыщихьащ.

КИЛОГРАММ 73-рэ зи хьэлъагъ гупым илъэс 23-рэ зи ныбжь ди щIалэм ефIэкIыу щыхигъэщIащ Хорватием щыщ Чрнов Драган, Польшэм икIа Вилкомирский Кшиштоф, Куржым и спортсмен Таталашвили Нугзар, Японием и дзюдоист Авано Ясухиро сымэ. Финал ныкъуэм Мурат и хьэрхуэ-рэгъуу щыта Японием и спортсмен Акимотэ Хирюки къытекIуащ. Арати, ди лъахэгъум жэз медалыр къыIэрыхьащ.

ХЬЭПЭ Маринэ.

И зэфIэкIым хегъахъуэ

● Гъэзэг къежьапIэ

Ди гуапэ зэрыхъунщи, гъэзэджэ щIэныкъуэхэм дихьхэ щIалэгъуэлэр нэхъыбэ хъу зэпытщ. Аккордеонымрэ пэпкъ пшынэмкIэ зэфIэкI хъарзынэхэр зыгъэпсалъэгъуэжм ящыщщ Малкаров Мурат.

Президентым къабгъэдэкI стипендиехэри къратащ.

Малкаровым иджыблагъэ СКГИИ-м концерт щитащ. Пьяцполлэ А., Вивальди А., Власов В., Скарлатти Д., Мусоргский М., Шопен Ф., Лядов А. сымэ, нэгъуэщIхэми я IэдакъэщIэкIхэр аккордеонкIэ игъэзэщIащ, пшынэкIэ адыгэ, къэрэшей-балъкъэр, дагыыстэн, осетин кхафэхэм еуащ.

ТАБЫШ Динарэ.

Щэрэлюкъуэ пщы щIэрыIуэр зекIуэ ежьащ. Абы щыгъуэ и бейгуэлхэр.
Сурэтыр **Хамар Дабановым** *и тхылъым къытхыжащ.*

● Накъыгъэм и 21-р Адыгэхэм я фэепIэ махуэщ



● Нобэ Унагъуэм и дунаещ

Нанэ Iумахуэм и бынунагъуэр.

ІЭЮБ Кулисум:

Гугъэр си гъащIэ Гъуаззу сопсэу

**Щыыуэ щыху, зи гъащIэмрэ ди къэралым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэмрэ зыкъомкIэ зэтекIуэ, уеблэмэ зэхэхуэна. Бахъсэн куейм хыхьэ ПсыIэмей къуажэм щыпсэу Iэюб Кулисум ещIэж лIэщIыгъуэ блэкIам и пэщIэдзэхэм щыIа Жэпуэгъэ революцыщхуэм, абы кьыкIэлыкIуа граждан зауэрм, гъащIэщIэм и нэщэ-хьуаэр щыта колхозхэр зэрызэгуагъэхьарм, нэпсрэ гуаузкIэ гъэнщIауэ екIуэкIа Хэку зауэшхуэ зэманрм, и нэгу щIэкIащ зэхьуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэ тIкIийм. Зи акьылыр бзыгъэ, зи лъэр щIкъыр жан бзылъхугъэ гуащIафIэм нобэрей гъащIэм зэрыхэпсэукIыфыж къаруи бгъэдэлъщ. Нанэ Iумахуэм ар къыхьалъхъэ икIи гъащIэм и Iэфыр зэрыщIэмыкIыр зыхъ-

ГащIэ и бынхэм, къуэрылъху-пхъурылъхуэхэм, абыхэм ящыщIэхьуэ щIэблэ дахэм.

ИСЛЬЭМЕЙ къуажэмэ республикэм и адрей жылэхэми я мащIэщ Iэюб Кулисум хуэдэ нэхъыжьыфIэхэр. Абы и илъэсищ гъащIэ гъуэгуанэр щIэфIэн щIыгъуэ, гуфIэгъуэкIи дэрэжэгъуэкIи.

Iэюб (Хьэгъур) Кулисум 1910 гъэм Кушмэзыкъуей адыгэ жылэжьым къыщалъхуащ. ЩIэнрэ яшхынрэ зыщIэуэту кьуажэм дэсхэм ящыщащ ар, къызыхэкIа кьытригдзэку (апхуэдэм дежи фэр щабэ хьуауэ арат), итIанэ щыхьэ и лъакьуэ зэрыкъуэкIуэнум хуэдэу ябзыпри ядыжьырт, шабий, хьэуазэ ирагъуэрти лъатIагъэрт. Кулисум и ныкъуэ щыным хуэдэнжьт и анэм иригъэсауэ.

Апхуэдэут зэрыпсэур Iэюбхэ я лъэпкым къыщыуанэхуа унагъуэщIэр, мурадыфIкIэр я пльапIэ у. Ди щIалэгъуэмэ, уи кьарту илъыгъуэрэ лъагъуныгъэрэ пщIэрэ уи зэхуаку дельмэ, сыт хуэдэ гугъуехьи зэпыщIэщIэтыфын акьыли кьыпхъуэкIынущ, кьаруи кьэбгъуэтынущ, шыIэныгъи пхэпльынщ. Совет къэралым и цыху мелуанхэм я апхуэдэ гурыльхэр кьыззэпиудащ фашист Германием 1941 гъэм Хэкум къэрищIыпIа зауэм.

- Зэи сигу икIыжьныкъым а махуаер - 1941гъэм мэкьуаучъуэм и 22-р. ЖылэдэсыщI щтэщIэлъэ дыхьауэ, дынэщхьеIуэ апхуэдэт. Псоми кьыдгурыIуэрт ди Хэкум и цхьэхуитыныгъэм щIэбэныну дэтхэнэрэ зэрыкъэзыгыр, арщхьэмэ зауэм и хабзэхэр зыщIэ балигъхэр дригузавэрт я бэлыхьышхуэм кьырикIуэнкIэ хьунум, - Хэку зауэшхуэм и лъхъэхэнэр игу ежгъэжьащ Кулисум нанэ, и нэпсхэр кьыфIекIуэу. - МафIаем япэу хьихьаэм ящыщащ сабийхэм я адэр. Исльэмей жылэм щыщ щIалэщIэ куэд абы щыгъуу Iухьащ зауэлIым. Зы джанэ пщащIэкIэ зымыгъэлэжьа, зы вакъэ тынш лъызымытIэгъа, псэхурэуэ зимыIэу гъащIэ ткIийм и хабзэхэм эщIаIыгъа ди цIыхухэу тхъэмыщIкIэхэр, жыпIэ зэрыхъунымкIэ, зы зауэлIэм кьыIыкIри адрейм Iухьауэ арат... Куэд эщIи-кьуащ а зауэжьым... Щыхуфэр ящ, армыхьуэмэ зауэ-диз зыщэчыфын, цыху нэмыщI, Тхьэшхуэм кьиIэгъщIауэ къыщIэкынкъым...

«Сабийхэр уи анэмэт... Яку эсакъ... Тхьэм псори фIекъыхсуихъумэ», - а псалъэхэращ ТIитIэ и щхьэгъусэм иужьрейуэ кьыжриIэжар, мафIэгъум щитIысхьэм. А псалъэхэр и гъащIэ псокIэ гъуэгугъэльапъгъэ хуэхъуащ бзылъхугъэ щыпкъэм.

ТIитIэ зэрыс мафIэгур Псыхуабэ деж нэсри абдеж кьыщыкьыIат, жащитI-мазхуитIкIэ тезыну. Уэ жыпIа, сэ жысIа - Кулисуми зи щхьэгъусэ, зи кьуэ дэкIа адрей кьуажэдэхэмэ я хьыбарыр кьыIэрыхьащ икIи зыхуэзэфIэкIыр абыкIэ ежьащ. Зауэ Iэнатlэм Iухьыну я Iыхьлъхэм иджыри зэ я ерыскъыы Iуагъэхуэжыну, иджыри зэ сэ Iам гIапIэ ирахьижу гугъапIэ куэдкIэ Iэшща «Iэу эу мазуэ!» псалъэхэр иджыри зэ жраIэ жыну.

- МафIэгур Псыхуабэ деж зэрыте тыр къыззэрысщIуэ, зэрыгъэкIуэну, мурад сщIащ а станцым си лъэр нэхъ усыну. Гъуэмылэ тIэкIу зззгъэпэщIащ, сабиитIыр си гъуэгэгъуэм къыкIуэзгъанэри, сежжащ. Сызджыпэсам - зауэлIи мафIэгуи щыIэтэкъым. СыщIэупщIри, ахэр зэрыс мафIэгур нэхъ пасэу текIыжауэ къыщIэкIащ. Гупыр емыжьэж щыкIэ нэхъ ди кьуажэгъуэхэм ящыщ, щыгъуэрым «Исуф схуетыж», - жиIэри фошыгъу кIанэ кьуритыжауэ къыщIэжащ си щхьэгъусэм... Абы и Iэм кьыIэщIэкIа тыгъэ тIэкIур си гурыфIыгъуэу бзылым сакьыпсыхьэжащ, - и гъащIэмрэ щхьэгъусэм хьыпсэщIэ зауэ иIуэсхэм я гукъэкIыжхэмкIэ хэтщ Кулисум нанэ.

Iэюб ТIитIэ щыIэущ Тэн Iус Ростов кьалэм и Iэшэлъащэм. Иужьрейуэ абы кьитхауэ щыта письмом итт зауэлIхэр мыгъвэу зауэ Iэнатlэм зэрыпгрыхьэнур, езыр зэрыпсэур, зэрыуэзынщэр. Фронтым кьикI а тхыгъэ зэпэщимэгр Кулисум кьыщыIэрыхьар 1942 гъэм и бадзэуэ мазэрт. ТIитIэ кьэт хахэм ящыщу ар иужьрейт. Абы и уажькIэ щхьэгъусэм и зауэ гъуэгуанэхэм ятеухуа ехьэхыу, ди зауэлI минхэм я щхьэ абдеж щагъэтIылъауэ. Хэти жиIэрт абы тель лъымыжьыр кьауэу тета зауэлIэр псори псым итхьэгъулъауэ. Щхьэгъусэм и Iуэху зэрыхъуам и гурыгъуэым щыIэрт Кулисум, ауэ, итIани, щхьэкIуэ тхылъ кьыщыIэрымыхьакIэ, ТIитIэ зэрыпсэуэм и гугъэр хихьыкъуэрт. Сабийхэр кьыщIэупщIэмэ, жиIэрт зауэлIм IутI и гугъэ я адэм теухуа хьыбархэр. Арщхьэкъэ....

ТIитIэ зэрыщымыIэжымкIэ унагъуэм тхылъ кьащIэрыхьар 1947 гъэращ. А дэфтэрым зэритымкIэ, ар ящыщащ Ростов щIынальэм бийхэм щапэщIэувахэм икIи а щIыпIэм хьыбарыншэу щыкIуэдажэм хальхьащ. Тэн и Iуфэр бийм щызыхъуэма совет зауэлIхэр щагъэльапIэкIэ, Iэюб ТIитIэ кьыщIэхьуа щIэблэр ирогушхуэ апхуэдэ лIыгъэ зезыхьахэм я адэр, адэщхуэр зэрахэтамэ.

Зи щхьэгъусэр, гувами, зауэм кьикIыжьыну пльа Кулисум абдежым кьэздзыащ, ауэ гуаузм ирищIыкIакъым. Сэ зыщIыхьэ щIэжьыр и щхьэгъусэр зыкъэрригъэгъар икIи, дауэ хьуми, абы и иужьрей псалъэр (иджы уэсхт хуэар) зэрригъэ ззщIэныым хуащIэкъуащ. Зауэ нэужь щIыхьэнэ хьэлъам ар хэтащ бийм зэхикъута цыхуб ёзэ хозяйствэр зэфIэзыгъэувэжаа-хэм. Ислъэмей кьыдыхьауэ щыта нэмыщI-румын зауэлI гупхэм зэхахьута я лъапсэр зэррыхъукIэ зэрригъэпэщыжащ. Аргуэрыжьхи, махуэм лажьэу, жэщым и унагъуэр зыхуэхъунрэ зэуэ фызабэ Iэнатlэ гугъум пэщIэуващ.

- Зауэ нэужьми бэлыхьрэ хъэзабу сшэчам щIэи гуфIи иIэкыым. Сэ си закьуэтэкъым - сэ сэуэхэсэр щIэр минрэт. Мах уэм и кIыхьагъкIэ губгъуэм дитт, жэмкIэ дыжьэ, бел защIэкIэ губгъуэщIыр щызэдгъэдзэкIи щыIэу. Дунейр гъаблэтIи, тIшыхи димыIэу, сабийхэр хуэдыдыпскIэ тпIыу. Ди колхозыр жылапхъэкIэ къулейсыз дыдэ щыхъум, сощIэж, ди унэхэр кьащIэрэ, хэт сыт хуэдиз дапхуэдэ жылапхъэ иIэм кьыIахауэ щытащ. Сэри бы-ным яхуэсхъумэрт зы пэгун иримыкIу нартыхуу гъэлъэпльа тIэкIу Ар ес тауэ щытащ. Сыт тщIэнт-тIэ? Гъэр кьыдэхъулIэрэ гъавэр бэв хьумэ, апхуэдэ куэдкIэ дригуфIэжыну диутъэрт, - жеIэ Кулисум нанэ. - «Гугъэр адэ жь щIэнщи, - жиIащ пасэрейм. СызыхуэныкъуэлакIи кьыззэмыхьулIэлакIи, зэи щыху гугэр згъэкъуэншакъым, си Iуэхур Алыхьым бгъэдэсхьха фIэкIа. Апхуэдэ фIэщхьэмкIэ гъэм гугьи кьыс хилъхьэрт, кьаруи кьизитыр т. ЖысIэращ, угужьей хьунукъым. Кьэралыр мамырэ жиIауэ зэгурыIуэ илъмэ, ахэр фIыгъуэзыуэщи, нэхъ лъапIэ-ныгъэ инхэми ухуащэнущ.

Жьыкъэ кIуэ апхуэдэ гупсы-сэхэр и гуращэу къэпсэуащ Кулисум нанэ. Тхьэм и щыкурдI, и бынхэр кьыщIэуащ. Абыкъэ унагъуэм кьадэIэпыкъуащ ТIитIэ и кьуэш нэхъыщIэ Нэлиб. Абы лъэкI кьитгъэнакъым зауэм хэкIуэда и щынэхъыжькъым и бынхэр лъы бидзжкIэ гъащIэм хэувэн папщIэ. Кьуажэм дэт школыр кьиуха нэхъ, Исуф шоферу еджащ икIи я жылэм щызэхэт хозяйствэм ИлъэкIыр кьуэдзэ щыIэжащ. Аркъуяти IэфIыкIэ щащIу Налшык дзэта фабрикэм щыIащ. Исуфи Аркъуяити унагъуэ хъуащ, щJэбгъ дахи кьащIэхьуащ.

«Щыхуэхъу унафэ зэрыльэ унагъуэ зкIэ Тхьэр кьыгъуэпсэ. - жызыIэрейуэ щыта нэхъыжьыфIым и лъэIур Тхьэшхуэм кьыхуищIащ. Исуфрэ абы и щхьэгъусэ Хьэуарэ нанэр ягъэгуфIащ щIалиплIкIэ: ЛатIиф, Юрэ, Мухьэмэд, Мухьэрифсымэ. Я чэзур кьэсри, ахэри унагъуэ хъуащ, бынхэм кьыщIэкIащ, зи кьэрылъху Кулисум нанэ езыгъэльэгъуаи яхэтщ. Ахэр псори фIыгъуэшхуэщ нанэ Iумахуэм и дежкIэ.

- Си сабийгъэмэрэ щIалэгъэмрэ сызыхуэныкъуэ куэдкIэ нэхъ иужькIэ Тхьэр кьыслуэпсэжащ. Си фIыгъэ абыхэм кьащIэхьуа щIэблэмэ яхэтхьым зы дакьикъэ сыкьэзыгъэхьыгъ, си щхьэр щIэзгъэлъэхьша. Аращи, жызоIэ: «Мы АлыхьталэМ кьыслуимыщIа щыIэкъым, си быныр лъэ бидзкIэ щысхуигъэувакIэ, си щхьэгъусэм и иужьрей псалъэр згъэзэщIэну Iэмал кьыщызитакIэ». Яэынымкуэхэм деж согупсыс: адрей псори апхуэдэу щыту пIэрэ? Ауэ цIыхухэм сахопльэрэ, нэгъуэщI зэхуащIыкIэхэри зэрыщыIэр кьызэощIэ икIи си жагъуэ мэхъу. ЖысIэнэрщащ, унагъуэр кьэралым и фIыгъуэ нэхъыщхьэщ. Ар хъумэзри дзыхь зыхуищIар унэгуащэрщ. Аращ пасэрейм: «ЩIыхуэбзыр унагъуэм и щхэпсу», - щыжиIаращ.

Унагъуэм я нэхъыжьыр и щIэблэм зэрызэуэарэзым хуэдэу, абы ис псори хъэ-ту ягъэщ нанэм, щIыпIэ зэмыкIэрэ хуащI. Дауи, зыкьомкIэ ар я фIыгъэщ Кулисум и кьуэ закьуэ Исуфрэ абы и щхьэгъусэ Хьэуарэ. «КьуэфI уиIэмэ, ныкъуэ уиIэщи зыгъэпсэфыжу и мыхьэнэр апхуэдэу нэрылъагъу дыдэ щыхъуащ Iэюбхэ я унагъуэм. Илъэс 70-м щхьэдэа Хьэуа, бзылъхугъэ я унагъуэм, езым щыIэ 4 ильэгъ, нысэ зиIэжи яхэту. Ар анэщ, анэшхуэщ, и кьуэрылъхуэм я быни, ТхьэМ и фIыщIэкIэ, ильэгъущ. Хьэуа и гущIэм хуищ гулыгъэщэр пщIэмрэ щапхъэ яхуэхъуащ иужькIэ унагъуэм кьыхьыхьа нэрыбгъэ цыкIуэхэм абыхэм кьащIэхьуаэмэ.

- Си гущIэм и фэгъу мы дунейм тету си фIэщ хъуркъым, апхуэдизу ар акьылыфIэщ, Iэдэбщ икIи гумащIэщи. Си щIалэгъуэми иджыри гъащIэм и лъэныкъуэ куэдымкIэ абы и щхьэгъусэ щхьэпэкIэ щызогъуэт. Гугъу ехьми, кьыжьыкIу эту, ди бынхэр зэщIипIащ, тэмэму итъэсащ, уеблэмэ щколым щIэзыгъэтIысхьэри я ерэным кIэльыплъари араща. Ди бынхэр зэреджэр «мамэщ», я анэ дыдэм хуэдэуи фIыуэ яIьалъу я анэшхуэ IэфIыр, - жеIэ Хьэуа. А Сэри адрей ди нысащIэ цыкIуэхэри дыхущIокъу мамэ и гуапэ зэрытщIыным, и гум дыззэрыдыхьэныным. Дыхьэрэ ящIыным. Хьэдэрэ дяпэ иджыри Тхьэм иритъэт. Тхьэр арэзы кьыхуэхуэ.

Апхуэдэ гъащIэ купщIафIэ, кIыхь кьингъэщIащ Кулисум - анэм, анэшхуэм, къуэрылъхуэм и кьуэрылъхуэ зэзыльхуэгъэ бзылъхугъэ лъагъуэгъуафIэм. Нэхьыжь и нэмысрэ нэхъыщIэм и насыпрэ зэи щымыщIэн унагъуэ Тхьэм ищI Iэюб Кулисум ухуэнгъэ мы унагъуэр. А фIыгъуэхэр щалытэ унагъуэхэрщ зэпэщэ бейуэ сыт щыгъуи ялытэр. Унагъуэ насыпым и лъабжьэри ахэращ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Жьы хъуа машинэхэр къыIах

● Гу зылъытапхъэ

Мы гъэм гъатхэпэм и 8-м къыщыщIэдзауэ къэралым Iех жьы хъуа машинэхэр. Абы теухуа федеральнэ программэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету фIахьынуц илъэспщI, абы нэхъ нэхьыбэ хъуа, зейм и щэкIэ илъэс мынэхъ машIэкIэ учетым щыта автомобилхэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм и автодилерхэу 500-м щIигъум лъэIу тхьылъ ятащ а Iуэхум хэтыну. Апхуэдэ сервисиз центру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щы зэрыщIалажьэр сэбэп хъунущ зы щIыпIэм щыIу куэд щызэтримыхьэу я Iуэхуэр зэфIэкIынымкIэ.

Зи гугъу тщIа жыпхъэхэм хуэкIуэ машинэхэм хуэзэ зиIэ щыхъуэр жыжьэу нокIуэлIэ республикэм щыIэ центрхэм. Ди къэралым кьыщыдагъэкIаIэм я мызакъуэу, хамэ къэрал щащIаIэхэри щыIах абыхэм. Мы зэманым ирихьлIэу щыхуэ 150-м щIигъум жьы хъуа я машинэхэр ятыну зэрыварзэмкIэ дэфтэрхэр ягъэхьэзыращ. 10-м я программэм и хабзэхэм кьызэрагъэувыж тету машинэщIэхэр къыIахащ.

- Жьы хъуа машинэхэр кьеIытхьи и лъэныкъуэкIэ гугъуехь лъэпкъ щыIэкъым. Кьыхьухъу тхьэмыщIкIэхэр, жыпIэ зэрыхъунымкIэ, зы зауэлIэм кьыIыкIри адрейм Iухьауэ арат... Куэд эщIи-кьуащ а зауэжьым... Щыхуфэр ящ, армыхьуэмэ зауэ-диз зыщэчыфын, цыху нэмыщI, Тхьэшхуэм кьиIэгъщIауэ кьыщIэкынкъым...

«Сабийхэр уи анэмэт... Яку эсакъ... Тхьэм псори фIекъыхсуихъумэ», - а псалъэхэращ ТIитIэ и щхьэгъусэм иужьрейуэ кьыжриIэжар, мафIэгум щитIысхьэм. А псалъэхэр и гъащIэ псокIэ гъуэгугъэльапъгъэ хуэхъуащ бзылъхугъэ щыпкъэм.

ТIитIэ зэрыс мафIэгур Псыхуабэ деж нэсри абдеж кьыщыкьыIат, жащитI-мазхуитIкIэ тезыну. Уэ жыпIа, сэ жысIа - Кулисуми зи щхьэгъусэ, зи кьуэ дэкIа адрей кьуажэдэхэмэ я хьыбарыр кьыIэрыхьащ икIи зыхуэзэфIэкIыр абыкIэ ежьащ. Зауэ Iэнатlэм Iухьыну я Iыхьлъхэм иджыри зэ я ерыскъыы Iуагъэхуэжыну, иджыри зэ сэ Iам гIапIэ ирахьижу гугъапIэ куэдкIэ Iэшща «Iэу эу мазуэ!» псалъэхэр иджыри зэ жраIэ жыну.

- МафIэгур Псыхуабэ деж зэрыте тыр къыззэрысщIуэ, зэрыгъэкIуэну, мурад сщIащ а станцым си лъэр нэхъ усыну. Гъуэмылэ тIэкIу зззгъэпэщIащ, сабиитIыр си гъуэгэгъуэм къыкIуэзгъанэри, сежжащ. Сызджыпэсам - зауэлIи мафIэгуи щыIэтэкъым. СыщIэупщIри, ахэр зэрыс мафIэгур нэхъ пасэу текIыжауэ къыщIэкIащ. Гупыр емыжьэж щыкIэ нэхъ ди кьуажэгъуэхэм ящыщ, щыгъуэрым «Исуф схуетыж», - жиIэри фошыгъу кIанэ кьуритыжауэ къыщIэжащ си щхьэгъусэм... Абы и Iэм кьыIэщIэкIа тыгъэ тIэкIур си гурыфIыгъуэу бзылым сакьыпсыхьэжащ, - и гъащIэмрэ щхьэгъусэм хьыпсэщIэ зауэ иIуэсхэм я кьукъэкIыжхэмкIэ хэтщ Кулисум нанэ.

Iэюб ТIитIэ щыIэущ Тэн Iус Ростов кьалэм и Iэшэлъащэм. Иужьрейуэ абы кьитхауэ щыта письмом итт зауэлIхэр мыгъвэу зауэ Iэнатlэм зэрыпгрыхьэнур, езыр зэрыпсэур, зэрыуэзынщэр. Фронтым кьикI а тхыгъэ зэпэщимэгр Кулисум кьыщыIэрыхьар 1942 гъэм и бадзэуэ мазэрт. ТIитIэ кьэт хахэм ящыщу ар иужьрейт. Абы и уажькIэ щхьэгъусэм и зауэ гъуэгуанэхэм ятеухуа ехьэхыу, ди зауэлI минхэм я щхьэ абдеж щагъэтIылъауэ. Хэти жиIэрт абы тель лъымыжьыр кьауэу тета зауэлIэр псори псым итхьэгъулъауэ. Щхьэгъусэм и Iуэху зэрыхъуам и гурыгъуэым щыIэрт Кулисум, ауэ, итIани, щхьэкIуэ тхылъ кьыщыIэрымыхьакIэ, ТIитIэ зэрыпсэуэм и гугъэр хихьыкъуэрт. Сабийхэр кьыщIэупщIэмэ, жиIэрт зауэлIм IутI и гугъэ я адэм теухуа хьыбархэр. Арщхьэкъэ....

ТIитIэ зэрыщымыIэжымкIэ унагъуэм тхылъ кьащIэрыхьар 1947 гъэращ. А дэфтэрым зэритымкIэ, ар ящыщащ Ростов щIынальэм бийхэм щапэщIэувахэм икIи а щIыпIэм хьыбарыншэу щыкIуэдажэм хальхьащ. Тэн и Iуфэр бийм щызыхъуэма совет зауэлIхэр щагъэльапIэкIэ, Iэюб ТIитIэ кьыщIэхьуа щIэблэр ирогушхуэ апхуэдэ лIыгъэ зезыхьахэм я адэр, адэщхуэр зэрахэтамэ.

Зи щхьэгъусэр, гувами, зауэм кьикIыжьыну пльа Кулисум абдежым кьэздзыащ, ауэ гуаузм ирищIыкIакъым. Сэ закьуэтэкъым - сэ сэуэхэсэр щIэр минрэт. Мах уэм и кIыхьагъкIэ губгъуэм дитт, жэмкIэ дыжьэ, бел защIэкIэ губгъуэщIыр щызэдгъэдзэкIи щы

Журналист нэс Камбий Зуфар

илъэс 75-рэ ирокъу

Къамбий Зуфар Ахьмэд и къуэр Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм 1935 гъэм накъыигъэм и 15-м къыщалъхуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым тхыдэмкIэ и факультетыр кынуха нэужь, илъэс зыбжанэкIэ егъэджакIуэу лэжьауэ, Къамбийр 1958 гъэм «Ленин гъэсэгум» ирагъэблагъэащ. Корреспондентэу жэуап зыпсах секретарым и къуэдзэу, къудамэм и унафэщIу илъэс зыбжанэкIэ лэжьауэ, ар 1976 гъэм ягъэуващ Бахьсэн районым кыщыдгъэкI «Коммунист» газетым и редактору. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэль унафэщIым зэман кIэщIым къэнуфбдзэу газетыр ялъэныкъокIэу щытащ къэралым щынэхъыфIхэм.

1986 гъэм ди газетым кынгъэзэжри, къудамэм и унафэщIу илъэс кудкIэ лэжьащ. И лэжьыгъэ нэхъыщIхъэм къыщыдэхуэхэм деж абы гупсэхуэгъэ кьритырыт литературэм - куэди еджэрт, тхэни фIэфIт.

И лэжьэгъуэхэм щIэныкIакIуэхэмэ ягу нэс, фIыщIэ щIыхъащI тхыгъэ куэд кьытехащ а зэманым газет напэкIуэцIхэм. Журналист нэсым и хьэл-щэн псори зыхэлъа Къамбийм и зэфIэкIым къэрал гулъыти игъуэтащ - КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхыль, Журналистхэм я союзым и правленэм и щIыхь, щытхъу тхыльхэр, нэгъуэщI дамыгъэ IыпанIэ зыбжани кьыхуагъэфэщащ.

«Узых ущIегъуэжьи зэи умытх, абы сыт хуэдэ щIыхь, мыльку кьыпэжкIуэнуми». Къамбийм жиIауэ щыта мы псалъэхэм тетыфынур, ар гъащIэ гъуэзэу кьэзыщтэфынур журналист нэсыр. Апхуэдизу щытащ Зуфар. Къамбийм и хьэл-щэныр зыхуэдари, зяужь ихьэ Iуэхум зэрыхущытари кынгъэлъагъуэ ди гугъэщ абы.

Нэхъыжьыфl зимыIэм къэкIуэныфIи нIэкъым, жаIэ. «Адыгэ псалъэ» газетми щIэблэм гъуазэ яхуэхъу нэхъыжь Iущхэри нIэурэ къокIуэкI. Журналист ныбжьыщIэ къахьыхьэхэр зыущинфхэм, абыхэм чэнджэщгъэ яхуэхъуэхэм ящыщт Къамбий Зуфар.

СыткIи щапхъэ

ЗУФАР нобэ гупым хэмытыжми, ар ящыгъупщэркъым.

Къамбийр республикэм и журналист пашэхэм ящыщ зыуэ щытащ.

Зуфар и адэ Къамбий Ахьмэд и унагъуэр Къармэхьэблэ пщIэ нэхъ зыщыхуаIэхэм, зи цIэ фIыкIэ жаIэхэм ящыщт. Жылэр зыгъэпсэу мэкъумэщи щIэнми щы-пэрыттри, щIэныгъэми пщIэ щыхуащыкрт. Апхуэдэ унагъуэм кьыщыхъу щIалэ цIыкIур еджэнкIи хьэл-щэнкIи школым щапхъэу щагъэпытагъуэу щытащ.

Курыт школыр кынуха нэужь, хуабжьу дзэныхьэх тхыдэм хуеджэну мурад ищIри, Къэбэрдей кьэрал институтым щIэтIысхьащ.

НэхъыфIу еджахэм ящыщу ар къеуфри, егъэджакIуэу ильэситIкIэ мэлажьэ. А лъхъэзэн Зуфар журналистикэми дехьэх, республикэм кьыщыдэкI газеткэм тхэуэ щIедзэ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ лэжьакIуэхэр зи мащIэ «Ленин гъэсэгу» газетым и унафэщIхэм гу лъатэ Iуэху куэд дыдэм адыгэбзэкIэ Iэкlуэпсакlуэу тетхыль Къамбийм. ИкIи езыри тхэнэм зэрыдинохьэхьэр яхуиуэта нужь, 1958 гъэм ар япэ щыкIэ корректору щэнхабзэмкIэ къудамэм и литературэ лэжьакIуэу ягъэув.

Iуэху щIалэм, хэпъэт зиIэм и лэжьэкIэр, и зэфIэкIкIэр унафэщIхэм гунэс ящыкъу. Абыхэм гу лъатэ Къамбийр газетым еджэхэм, редакцэм къатхэхэм фIыуэ яныщIауэ, ядэлажьэу зэрыщытми, пIсьмэхэмкIэ къудамэм и унафэщIу ягъэуэ. Мыбдежми Къамбийм и Iуэху кьыщэгъэпэщыкIэр редколлегием хэтхэм къабыл ящыхъу. Ар ядэлажьэрт республикэм и районхэм щыщ кьуажэ корреспондентхэм, абы и фIыгъэкIи щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэ хъурт Къэбэрдей-Балъкъэрым и куей зэмыIуэжьыгъэхэм щыхьыбархэм. Апхуэдэу лажьэурэ, Зуфар и пщэ ирагъахьэ -редакцэм и штабжьыхуаIэ секретариатым щыпхъэнэу - ар ягъэув жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу.

Апхуэдэурэ Къамбийр журналистикэм нэхъ кууу хохьэ. А лъхъэнэм районхэм кьыщыдэкI газеткэр сыт и лъэныкъокIи егъэфIэкIуэн хуейуэ партым кьеГъэув. А лэжьыгъэ тэмэму кьыззэрыгъэпэщи, а лэжьыгъэ, щIэныгъэфI зиIэхэр кьыщыхахым, Къамбий Зуфар а кьалэныр хъарзынэу пэгъэщыну хуагъэфащэри, КПСС-м и обкомым 1976 гъэм ар егъэув Бахьсэн районым кьыщыдэкI «Коммунист» газетым и редакторэу.

Кьыжьыгъэ хуейщ Зуфар дзыхь хуэзыщIахэр мыбдежми зэримыгъэщIэхъуар. Абы «Коммунист» Бахьсэн район газетыр и теплъэкIи, и бзэкIи, и купщIэкIи игъэфIэжкIуащ. Къэбгъэльагъуэмэ, «Коммунист»-р район газетхэм я Союзэс еплъыныгъэу Москва кьалэм щекIуэкIам хэтащ икIи абы етIуанэ увыпIэр кьыщихьри дыжьын медали кьыхуагъэфащауэ щытащ.

Къамбийр а Iэнатlэ мытынышм, жэуапльныгъэшхуэ зыпылъым илъэс пщыкIутIкIэ пэрытащ, и бынунагъэр Налшык дэсти, езыр Бахьсэн кьалэм кIуэр-кьэкIуэжку щылажьэу. Пэрытащ щытхъу кьыхухжаIэу, газетыр щапхъэу яГъэтъагъуэу. 1987 гъэм Зуфар «Ленин гъэгу» газетым кынгъэзэжащ, дзжьыгъэм нэхъри кьыхуэIэзэ хуэдиз. Журналист набдзэгубдзапIъэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым тетхыльхэт, зыгъэпIетей Iуэхуэхэр газетеджэкэм ярихьэлIэрэ езыхэри абы кьыпэджэжу. Апхуэдэу илъэс куэдкIэ гъэкащ Къамбийр.

Зуфар журналистым и мызакъуэу икIи тхаиэт. Пенгъэ Iуэху зыкьыжа нужь, и цIыкIыгъэ ныкъуэщIхэм зретыж. Абы и нэ кьыхуикIырт къэбэрдей пщы цIэрыIуэ Хьэпхъущокъуэ Исмел и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуауэ зэлэжь тхылъыр нухыу кьыдигъэкIыным. Абы щыщ пычыгъуэ 2002 гъэм «Iащхьэмахуэ» журналым тетащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а лэжьыгъэ и кIэм нимыгъэсауэ къэнащ. Адыгэ тхакIуэм и Iэдакъэщ1экI поветхэмрэ рассказхэмрэ зэрыт тхылъхэу «Дзадзэр», «Шагъыр», «Щолэкъу» жыхуиIэхэр кьыдэкIащ, «Дзадзэр» повестыр урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым тетащ.

Зуфар очерк куэд дыдэ итащ и лъэхъэнэгъуэхэм, гъащIэм, лэжьыгъэм кьыхэжьыкIхэм, щIэ хэзыльхьэхэм, щIэныгъэлIэм, зауэм, лэжьыгъэм я ветеранхэм, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ. Абыхэм ящыщхэр щызэхуэхьэса тхылъхи кьыдигъэнIыну ильэгъэкIуащ.

Къамбийр щыхуэзыгъэгъуат - и лэжьыгъэм зыщыщIригъэкIи, зэманыр пщIэнщэу цигъэкIуэди щыIэтэкъым - щыпхуэдэт гъэмэ лэжьапIэми. ПщIэ ищIыфырт, нэмыс хэлът, езыми зыхуригъэщIыфырт. Зуфар зыщIыхуу щытахэм ноби я нэгу зэрыщIэтыр апхуэдэуц.

Илъэс куэдкIэ гуапэу кьыгъэтэта ди лэжьэгъуэм щIэблэ хъарзынэ кьыщIэхъуащ. И быниплIми щIэныгъэ, Iэщlагъэ яIэщ, гъащIэм хэзэгъахэу хъарзынэу мэпсэу.

БЕКЪАН Чыланий.

И ныбжьэгъуэр и гъусэу. *1998 гъэ*

Дэтхэнэ зыри

Илъэс тIощIым щIегъу е Къамбий Зуфар кьыз-рысцIыхурэ. «Ленин гъэгу» газетым лэжьэн щыгъуэм, 1987 гъэм ягъэ нэIуасэ кьыхуэхьащ.

ЗАНщIэу гу лъыстат Къамбийр редакцэм и журналист пажэхэм, гудзэгъэкъэ зиIэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытым. ЩIэх-щIэхуэ екIуэкI планеркэхэм-рэ летучкэхэмрэ ар хэпсэльыльхьрейт, газетым кьытехуэ тхыгъэ зэрыр ар набдзэгубдзапIъэу зэпкърихьыу, щхьэж кьехьулIаХэмрэ зыхуэнэмысахэмрэ яригъэлъагъэж у. ИкIи абы и псалъэм куэд кьыпэрыу эртэкъым - ящIэрт зэфIэкI зиIэ, илъэс куэд хуауэ журналистикэм хэт Зуфар Iуэхум фIыуэ зэрыхигъэщIыкIыр ящыщым дагъэзыжьауэ, щIыщIыр тхыгъэр зи кьалэмыпэм кьыщIэкIар ириудыныкъ зэрыларыр, атIэ унагъуэ минипщIхэм яIэрыхьэ адыгэ газетыр нэхъыфI хьуным зэрыхущIэкIыр.

Зэман дэкIри, Къамбий Зуфар дзрэ «Адыгэ псалъэм» («Ленин гъэсэгу» цIэр нэхъапэм зиIам) и зы кьудамэм дагъэхIуащ. Ди кьалэнт республикэм кьыщIихьу жьыларыгъэ-политикэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр кьэдгъэльэгъэ уэну. Ар тынщу зыми жиIэфынукъым. Ауэ зэдэпщIэ Iуэхур псынщIэщи, зэдэпщIэ ерыскыкыр Iэфщ, жыхуаIэрати, зым адрейм зыщIигъакъуэу, зыр здынэмысым адрейр дынэсу 1996 - 2000 гъэхэм дыз-эдэлэжьащ.

Журналист Iэщlагъэр зэрыхьэлэмэтым хуэдиз дыдэкIи гугъущ икIи жэуаплIныгъэ зыпылъщ. Дэтхэнэ зы псалъэри, нагъыщэри, псальэуэхэ ухуэкIэри и чэзуми кьэгъэсэбэлымэм, тхыгъэр удэзыхьэх, сэбэныначъ кьэзыхьэ щIыным кьыщIынэмыщIауэ ар зытебухуэмрэ зэрыбгъэпсымрэ куэд дыдэ ельытащ. Ар нэсу кьызыгуриуэ Къамбийм езым фIыуэ ильагъу , лэжьэн зэрыщIидзэрэ дэзэныхьэ унэIыбыгъэ зыбжанэ иIэкт.

Адыгэ лъэпкъым и блэкIамрэ нобэмрэ абыхэм ящыщ зыт. Зуфар езым и дэфтэрхэм гьунэжу хэльт ди япэ итахэм яте ухуауэ газет, журнал, тхыль зэмылIэужьыгъуэхэм кьытехуахэр, дэтхэнэ зыри кьыхэзыщхьэхуклрэ уняэтIыныгъэхэ гъэбелджыдауэ. Апхуэдэ кьэхуэтэныгъэ лэжьыгъэм «Адыгэ псалъэм» кьытехуэну тхыгъэ хьэлэмэтхэр, куэдым зызрамыщIытыфрынуэр кьригъэхуэпIэрт. Кьапщтэмэ, «Лъэпкъэр зэрызэпсалъэ бзэт» зыфIещам щIэупщIэхуэ иIащ. Газетеджэ кэр кьэпсалъэрт, кьатхэр т, редакцэм кьакIуэкэри кьахэкIт, пасэм адыгэбзэр Кавказ Iащхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэр зэрыязгъэсалъэ бзэуэу зэрыщытам ятеухуауэ Къамбий Зуфар ирихьэхьэзыра тхыгъэм хэмыхуэу гуэрхэр жраГъэIэну, тегъэщIапIэ ящIахэм езыхэми зыщагъэгъуэ зэнну я нэ кьыхуикIэу .

Хэку зауэшхуэм ар щытетхыхькIэ гум зыкъыдигъаэзрт. Зи гугъу ищIыр апхуэдизкIэ псэкIэ зыхищIэрти, а псори езым игъэвауэ кьыпфIэщIырт. Уи нэпсхэр кьемыкIуэу укъеджэфырт зэкьыш «Мазэр дэ зэхуэдэ гупхьэ» тхыгъэм хэмыхуэ зауэм. Абы Зуфар и гугъу щищIырт Аргудан щыщ Мэремкъуэ зэкьуэшхэр зауэм щыдэкIым зэрызэгурыIуам: зым адрейр игу кьэкIмэ, мазэр пIьапIэ ящIыну икIи ар я дэлэну, я зэпыщIапIэу псэкIэ нэхъ мыхьэ ми зэрыщIэну.

Дауи, Къамбийм и тхыгъэ куэд газетым кьытехуэрт щыхуфэ депутатхэм, щIыпIэ Советхэм, къэралкъуьщIапIэхэм я IуэхущIафэхэм ятеухуауэ. Журналистикэм и жанр псори Iэ5эу кьинтэсэбэпырт. Абы и очеркэр, репортажкэр, интервьюхэр ди лэжьыгъэр кьыхэзыха нужьым и щапхъэт.

Зуфар дзрэ ильэсиплIым щIигъуклэ редакцэм и зы пэшым дыздыщIэсащ. Апхуэдэу щыхьэкIэ, дэлажьыгъэм нэмыщIауэ, гъащIэм, унагъуэм, зэхэстыкIэм дытепсэльыхьырт. Щэжкагъ уэ зыгъэпсэхуэгъуэхэм деж шахмат джэгуныр зыхилъхьэ щыIэтэкъым. Абы щыгъуэм мы дунейм тетыр щыгъупщауэ кьыщIыхьырт.

Къамбий Зуфар хуэбжьу лэжьакIуэщху эт. ПщIэрыль зыгуэр кьыщащIамэ, ар тэмэму имыгъэззащIауэ зэретIысэхэм зыщIэтэкъым икIи и зэфIэкI псори абы хилъхьэ т. Дапхуэдизу лэжьыгъэм иригъэшами, а псори лъэныкъуэкIэ кьаныэртти, нэжэгужьрэ Iэфагъэрэ я ельу и бынхэм ятепсэльыхьт. Дэгъэнэ зыри гъащIэм зэрыхьэзэгъам иригушхуэ эрт. Абы щыгъуэми щыхтхуу, псальэ лей як ужиIэу зэи зэхэпхьнутэжкым.

ГъащIэр гъащIэщ, абы уэ зэрыуэйм ху эдэу псори кьыщыхъуькым. Апхуэдэхэм и дежи Зуфар и лъэр щIэхуэтэжкым, и гугъэр хихьжуи тIысыжктэжкым. ИщIэрт сыт щыгъуи хэкIыпIэ, Iэмал гуэр зэрыщыIэр икIи ар къэгъуэтыным и кьару, акьыл псори хилъхьэрт.

Щэч хэлъкым Къамбий Зуфар адыгэ журналистикэм езым и хэзтI иIэжу зэрыхэтам. Абы и щапхъэм иджыпсту ирикIуэхэри мащIэкъым.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Бахьсэн куэйм кьыщыдэкIуэ щыта «Коммунист» газетым и редактор Къамбий Зуфар и лэжьакIуэхэм я гъусэу я лэжьыгъэм топсэльыхь . *1983 гъэ*

И Iуэху еплъыкIэр зэи ихъуэжакъым

КЪАМБИЙ Зуфар сэ къэсцIыхуащ 1975 гъэм «Ленин гъэсэгу» газетым лэжьапIэ сыкъэувэ нужь. Абы щыгъуэм ар пIсьмэхэмкIэ къудамэм и унафэщIу лажьэрт. ЛэжьыгъэкIэ дыдэмкIэ щIэщауэ щытакъым, ауэ итIани псынщIэу гъэнэгъу дыдэхуэхьауад: ТIуми шахмат джэгуныр зыхэтIльхьэ щыIэтэкъым. Бахьсэн кьыщыдэкI «Коммунист» район газетым (иджы «Бакъсанский вестник») редакторэу яГъэкIуэ нужьи щIэх-щIэхьыр-рэ дыгъэхуэхьауад: ТIуми шахмат джэгуныр зыхэтIльхьэ щыIэтэкъым. Бахьсэн кьыщыдэкI «Коммунист» районым хэлъ щыщIэныгъэхэр. Къамбийм КПСС-м и райкомым и бюром зым щхьэкIи и дзэ мышу кьыщиуэтэфырт и Iуэху еплъыкIэр, сыт хуэдэ ныкъуэщIыгъэ зэмыIэужьыгъэхэкIэ хэмылъу тепсэльыхьырфырт. А зэманым апхуэдэ зыхуэзэфIэкIыр куэд хъуртэкъым. Ар зигу иримыхьэри, абы кьыхуэIэуэхэри щыIэт, дауи, зэран кьыхуэхьуфахэри кьахэкIащ, ауэ пэжыгъэр зигуаэз Къамбийм и Iуэху еплъыкIэр зэи ихъуэжакъым.

Зуфар лэжьыгъэкIэ ткIиягъ хэлъами, IуэхутхьэбзэкIэ хуабжьу фIыт. Сэ абы хэльа цIыхугъэр зыхуэдизыр згъэунэхуну куэдрэ къысхуихуащ. IуэхукIэ убгъэдыхьэмэ, хуэзэфIэкIыр кьыпхуищIэнут.

Ди редакцэм кьыгъэзэжауэ нужьи сэ Зуфар илъэс зыбжанэкIэ сыдэлэжьащ. ЖыпIэ хъунущ абы и гъащIэ псор журналистикэм триухуауэ, арщхьэкIэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукым ар тхакIуэ Iэзэуи зэрыщытари. Абы иIащ щIыхуэхэм гукъинэж ящыхьуа повесть гъуэзэджэхэр. Хэт ищIэн газет лэжьыгъэр мыхъуамэ (ар хьэлъащ икIи зэманэу уиIэр пфIехь) ди тхакIуэ пажэхэм яхэуэвэнкIэ хъунт Къамбийр.

Абы теухуауэ зэ дыгъэсIлащ Iащхьэ щыгъуазэ. Хэт ищIэн газет лэжьыгъэр мыхъуамэ (ар хьэлъащ икIи зэманэу уиIэр пфIехь) ди тхакIуэ пажэхэм яхэуэвэнкIэ хъунт Къамбийр.

Абы теухуауэ зэ дыгъэсIлащ Iащхьэ щыгъуазэ. Хэт ищIэн газет лэжьыгъэр мыхъуамэ (ар хьэлъащ икIи зэманэу уиIэр пфIехь) ди тхакIуэ пажэхэм яхэуэвэнкIэ хъунт Къамбийр.

Зуфар лэжьыгъэкIэ ткIиягъ хэлъами, IуэхутхьэбзэкIэ хуабжьу фIыт. Сэ абы хэльа цIыхугъэр зыхуэдизыр згъэунэхуну куэдрэ къысхуихуащ. IуэхукIэ убгъэдыхьэмэ, хуэзэфIэкIыр кьыпхуищIэнут.

Ди редакцэм кьыгъэзэжауэ нужьи сэ Зуфар илъэс зыбжанэкIэ сыдэлэжьащ. ЖыпIэ хъунущ абы и гъащIэ псор журналистикэм триухуауэ, арщхьэкIэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукым ар тхакIуэ Iэзэуи зэрыщытари. Абы иIащ щIыхуэхэм гукъинэж ящыхьуа повесть гъуэзэджэхэр. Хэт ищIэн газет лэжьыгъэр мыхъуамэ (ар хьэлъащ икIи зэманэу уиIэр пфIехь) ди тхакIуэ пажэхэм яхэуэвэнкIэ хъунт Къамбийр.

Абы теухуауэ зэ дыгъэсIлащ Iащхьэ щыгъуазэ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм
Малъхъэдис

Шэрджэсхэм я мэкъумэш щэнхабзэр

Кавказ щIыналъэр ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхум и мэкъумэш къэкIыгъэ, жыг Iэрыс» кэзгъэхъупIэ щIыпIэу щIыщытам езым и щхьэусыгъуэ иIэжщ икIи ар эпхъар ди лъахэр езыр-езыру къэкI къэкIыгъэхэмкIэ зэрыебгъщ. БотаникэмкIэ щIэнигъэлIхэм зэрагъэнэхуамкIэ, Кавказым къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэ мини 6-м нэс езыр-езыру кьыщокI. Апхуэдиз зи куэдагъым пасэрей цIыхум къыхимыхынкIэ Iэмал иIэтэкъым Iэрыс» ищыну къэкIыгъэхэр. Аращ Кавказ Ищхъэрэр, Кавказ псор гуэдз лIэужьыгъуэхэмкIэ, хьэлъэпкъэхэмкIэ, нэгъуэщI Iэрыс»кIэ щIебейр икIи абы хэмкIэ нэхъ генцентр лъэщ дыдэхэм щIыхалъыгъэр.

УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым: цIыхум нобэ кьагъэкI мэкъумэш къэкIыгъэхэмрэ Iэщ, шы, мэл, бжэн, джэдкъаз, нэгъуэщI унэ псэущхьэхэмрэ уахэплъэмэ, кьанэ щIагъуэ щымыIэу ди эрэм и пэкIэ илъэс мин бжыгъэкIэ уIэбжьмэщ Iэрыс», Iэрыпl щащIар. Ди эрэм кьрыбыдэу Iэрыс» ящIа къэкIыгъэхэр апхуэдизкIэ мащIэщи, зыхуэпхьынур кьыпхуэщIэркъым. Псалъэм папщIэ, абыхэм ящыщщ жэгундэр, каучук, хинэ кьызыхах жыг лIэужьыгъуэхэр. Унэ псэущхьэ ящIыфар бжьо (лось) закъуэращ.

Зэрылажьэ Iэмэпсымэхэмрэ Iэщэхэмрэ мывэм къыщыхащIыкIа лъэхъэнэм и ужькIэ, илъэс мини 3,5 - 4-кIэ уэлIэбэкIыжмэ, цIыхум Кавказ Ищхъэрэм деж кьыщригъэжьащ гъэапльэ гъэвэнымрэ абы Iэмэпсымэхэр кьыхэщIыкIынымрэ. А лъэхъэнэм тохуэ мэуэтхэм кьащIэнауэ щIым зэрелэжь гъэапльэ, жэз Iэмэпсымэу археологхэм кьыщIагъэщыжахэр. Абы кьиIуатэр зыщ - дэ дыкъызытехьукIыжа мэуэтхэр мэкъумэшым убгъуауэ елэжьу, ирипсэууэ зэрыщытарщ.

Дэтхэнэ зы лъэпкъми и мэкъумэш щэнхабзэм, абы и лъагагъым, къекIуэкIыкIам, ныжьку кьыгъэщIам кьыгъэлъагъуэ езы лъэпкъыр зыхуэдэр, и щэнхабз псор здынэсыр. Цыхур кьытеувыIэу хэгупсысхьмэ, кьытуроIуэ мэкъумэш щэнхабзэр дунейпсо щэнхабз лIэужьыгъуэу щыIм я нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу зэрыщытыр. Ижьижьыжьым кьыщегъэжьауэ мэкъумэш щэнхабзэм и лъагагъым куэдкIэ елъытат лъэпкъхэм, хэкуэм я зэпэщыныгъэр, беягъыр, бийм зэрыпэщIэтыфыр, кьинэмыщI куэдыр. Ноби дэтхэнэ кьэралми щыпсэу цIыхухэм я псэукIэр елъытащ мэкъумэш щIэным щиIэ ехьулIэныгъэхэм.

Адыгэм и мэкъумэш щэнхабзэр пасэм лъагэу, Кавказ Ищхъэрэм, Кавказ псом, уеблэмэ дунейм псом щыщIэрыIуэу щытащ. Абы щыхьэт тохьэ тхыдэм теухуа лэжьыгъэхэр, кьинэмыщIауэ Iуэрыуатэр, нобэрей ди щыхухэм мэкъумэшым икъукIэ куууэ зэрыхащIыкIыр, абы екъулIэныгъэ гъуэзэджэхэр кьыдэзрыщIахьыр.

ЦIыхум, лъэпкъым и узынщагъэр елъытащ щхьныгъэр кьызыхахым, зэрагъэхьэщр щIыкIэм, фадэм хэлъэу щытынымрэ щымытынымрэ, я щхьныгъэм лыхэкIым увыпIэу щиубыдым, езы цIыхум и лэжьэкIэ-псэукIэм, и дуней тетыкIэм, нэгъуэщI куэдми.

Адыгэм я мэкъумэш щэнхабзэр, езы лъэпкъым щхьэхуэ къабзэу, Кавказ Ищхъэрэ псом хабзапхъэ (законодательнэ) жьыхуаIэм хуэдэу игъащIэ лъандэрэ кьыщекIуэкIащ. ИкIи апхуэдэу щIыщытам и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ адыгэр лъэпкъыжьку, тхыдэшхуэ яIэу илъэс мин куэдкIэ кьызэрыгъуэгурыкIуам нэмыщIкIэ езыхэр куэд хъууэ, хэкушхуэ яIыгъу зэрыпсэуар.

Адыгэм я мэкъумэшым деж щIым елэжьыным япэ увыпIэ зэрыщиубыду щытам мызэ-мытIэу гу льитэгъащ Лапинский Теофил. Абы ди лъэпкъыр апхуэдизкIэ игу ирихьат икIи фIыуэ илъэгъуатэ, сыт хуэдизу зауэ Iэщ Iагъэлъ щымытами, псом япэу гу льитащ адыгэ цIыхухэм я хьэл-щэным, я дуней еплъыкIэм, я Хэжужьым зэрыхущытым, я лIыгъэм, я унагъуэхэм Iэдэбу, зэхущытыкIэ дахэу илъым. КьинэмыщIауэ, я мэкъумэшыр зыхуэздэм куууэ тетхьыхащ, сыт хуэдэ гъавэхэкI, хадэхэкI, кьэкIыгъэ кьагъэкIыу щыгъами, ди щIыгулъым хуэдэ бей зэрыщымыIэми гу льитащ:

«Адыгэ хэкужьым ищIхэм хуэдэу бей дунейм теткым. Тафэхэми бгылъхэми хьэлэмэту кьыщокI гъавэхэкI кьэкIыгъэ псори. Мыбдежым кьыщагъэкI гуэдзыр, нартыхур, хьэр, эзнтхъыр, хур. Ижь эзманым хуабжу зрагъэубгъуащ нартыху хьэсэхэм - фIыуэ зэрыбагъуэм щхьэкIэ икIи тырку гъавэ щэхуэхэм нэхьыбэу, нэхь лъапIэу зэращэхум кьыхэкIкIэ. ХадэхэкIхэм ящыщу кьагъэкIыр дIэужьыгъуэ куэд хьуркъым. Кьапщтэмэ, бжьыным, шыбжий плъыжьым, бжьыныхум, къуэным, шIэм, кьэбыстэм, кьэбым уху0з0. Кьэбхэм я инагъыр кьызэрымыкIуэщ. НэгъуэщI хадэхэкIхэр ящIэркъым, кIэртIофри хэту.

Сэ цIыхухэм кьахуэзгъэнащ кIэртIоф жылапхъэрэ былымбальджэгуэжь жылэрэ, нэгъуэщI хадэхэкI жылэхэри. Абыхэм мы кьэкIыгъэ яфIэкъабдзу хальхьащ, псом хэмыдэу кIэртIофыр. Сэ шэч кьытесхьэркъым мы хадэхэкIхэм абыхэм я деж увыпIэ зэрыщагъуэтынум.

КьызэрымыкIуэу куэду икIи фIагъыщхуэ иIэу кьагъэкI джэшыр. Джэшхьэрейм хьэджэщымрэ мащIэщ кьызэрагъэкIыр. Дэнэ щIыпIи ущыхуэуэ кьызэрымыкIуэу IэфI хьуэанэмрэ хъарбызхэмрэ кьагъэкIыу. Санэ Iэрысейр (жьзумейр) дэнэ щIыпIэкIи кьыщокI. Суджыкрэ Геленджыкрэ урысхэм щаIэщIэльа зэманым санэ Iэрысей хадэ хьэлэмэтхэр дэнэкIи щащIауэ щытащ, кьапыкIэ санэхэр Кьрымым щIэхэм нэхъыр мынэхъыкIэу. Ауэ Хэкум и индхьэрэ лъэныкъуэмкIэ щыпсэуэхэм санэ Iэрысей кьэгъэкIыным гулъытэ хуащIыркъым, ипщэкIэ щыпсэухэр а кьэкIыгъэм гурэ псэкIэ зэрыпылъым хуэдэ.

Убыхым деж санэр куэду щыщIаху икIи я фIагъкIэ алыдж хьгIыгуэм щыщIахум хуэдэщ. Сыт хуэдэ жыг Iэрыс» лъэпкъыгъуэхэри мыбы дэгъуэу кьыщокI икIи апхуэдэ дыдэу кьару трамыгъэкIуадэ пэтми, узыуэсI сыт хуэдэ лIэужьыгъуэри бгъуэтынущ».

ХЬЭКЪУН Барэсбий.
«Мылъкум офIэкI хъугъуэфIыгъуэхэр» тхылъым щыщщ.

● Псалъэжьхэр

Фори дыдж къыпщохъу

♦Щхьэхынэм и Iэр Iуэхум хуэкIэщIщ.

Абхъаз.

♦Уи япэ лъэпэрэпам ущымыдыхьэшх.

Шапсыгъ.

♦Куэду пшхымэ, фори дыдж пщохъу.

Шэшэн.

● Тхыдэм щыщ

ИДЖЫБЛАГЪЭ Къэбэрдей-Балькъэрым щекIуэжа Янэ Урысейпсо кинофестивалым ди республикэм хьэщIэ куэд кьыщыдэхуишэсат. Абыхэм яхэтащ ди лъэпкъэгъу кинорежиссер щIэрыIуэ Кьандур Мухьэдин триха «Черкес» фильмым роль нэхъыщхьэ щызыгъэзэщIахэм ящыщ хьэрып актрисэ**Бишар Сэхъар***(суреитым)*.

Кинофестивалыр щызэхуащIыкIа пщыхьэщхьэм япэу Налшык щагъэлъэгъуэ «Черкес» фильмым еплъыну кьызэхуэсахэм IэгуагъэшхуэкIэ кьрагъэблэгъащ хьэрып актрисэр, езыри гуапэу абыхэм яIущIащ, адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ фIыщIэ кьахуищIащ. Кьыхэгъэщыпхъэщ, «Черкес» фильмым хэта нэужь, Бишар Сэхъар адыгэ хабзэмрэ тхыдэмрэ зэрыдихьэхар, абы лъандэрэ адыгэхэм я адэжь лъахэр зэригъэльагъуну и нэ кьыхуикIыу Налшык щекIуэжа кинофестивалым и фIыщIэкIэ кьэкIуэн зэрыльэкIар.

Фестивалым и ужькIэ махуэ зыбжанэкIэ Налшык щыхьэщIа Сэхъар ди кьалэм и щIыпIэ дахэхэр кьиплъыхьащ, Шэджэм псыкъельэхэми Гуэл Щхьуантэхэми щыIащ, Iуащхьэмахуи зригъэльэгъуащ. Апхуэдэу ар хуэзащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр, КъБР-м и гъуэзджэхэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Черкес» фильмым щыджэгуа адыгэ артистхэм ящыщ **Фырэ Руслан**. Адыгэхэмрэ хьэрыпхэмрэ ятеуэуа фильмым нэIуасэ зэхуища, абы зэгъусэу щыджэгуа артистхэм *(фильмым и кIэуцIи ахэр зэнысэ-зэтхъэмадэ зэхуохъу)* зыгепсэлъыхьыжьым я куэдт. Ди щыпIэм щыхуантIагъэр зэрыщыкуэдыр, щыхуэхэр зэрыгуапэр, зэрынэщхьыфIэр, ильагъу псори игу зэрырихьыр жиIащ Сэхъар министрым щепсальэм. Фырэ Руслани кьыхиригъэщащ «адыгэ нысэ хьуа» хьэрып актрисэ зэчиифIэм и гуапэу зэрыдэлэжьар, теплъэкIэ, зыщIыпкIэкIэ, хьэл-щэнкIэ адыгэ пщащэ нэмысыфIэм зэрыхуигъадэр икIи абы и фэепльу адыгэ фащэ дахэ тыгъэ хуищIащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Фырэ Русланрэ Бишар Сэхъаррэ.

Адыгэ фащэр зэкIупс хьэрып пщащэр

● Гъуазджэ

Хьэрып актрисэм адыгэ фащэри екIупсщ.

● Хьуэхъуэхр

Лэскэн куейм хьихьэ Арщыдан къуажэм щыщ Мэлбахьуэ Уэлий Хьэзрит и къуэр нобэ къыщалъхуа махуэщи, дохъуэхъу

Зыхуэдгъадэ щымыIэу фIыуэ тлъагъу ди адэ, адэшхуэу дэркIэ лъапIэ! Щабэу, гуапэу кьытхущыт ди щIыкIуэ, чэнджэщэгъу Iущым уи узынщагъэрэ уи гуащIэрэ мыкIэущIу, дэрэжэгъуэ уиIэу, быным, абыхэм я щIэблэм я насыпым уи псэр дэгуфIэу упсэну, ди жьэгум урипльырщи, ар мыужьыхыу тхуэпхьумэну, уи гъащIэ гъусэ мамэ Жансурэт кьыпкъуэту куэдрэ укъытщхьэщытыну, ильэсищэ жьыщхъэ махуэ дадэ кьыпхужьаIэу уи махуэшхуэр дгъэльэпIэну Тхъэр кьыпхуэупсэну дынохьуэхъу.

Уипхъу Мадинэ, уи къуэрылъху Анжелэ.

Накъыгъэм и 15-р Архэст Хьэсэнбий Хьэсэн и къуэр къыщалъхуа махуэщи, дохъуэхъу

ФIыуэ тлъагъу, пщIэ зыхуэтщI ди ныбжьэгъу лъапIэ Хьэсэнбий! Узынщагъэ быдэрэ дэрэжэгъуэ инрэ уиIэу, тхъэгъэмрэ берычэтымрэ уи бэу, уи пщIэр лъагэрэ уи щхьэр лъапIэу, уи щхьэгъусэ Маринэрэ уэрэ фыязкъэту, фи щIэблэм я насыпым фыщыгуфIыкIыу, дунейр фи щIэщыгъэуэ куэдрэ фыпсэуну ди гуапэщ.

Уи ныбжьэгъуэхр.

● Гушы Iэхэр

Хэт ищIэрэ?

ИнджылызыбзэмкIэ экзамен зыта студентыр пэшым къыщIокIыжь. Гуэзвэу щыт и ныбжьэгъуэхр щIоупщIэ:

- Сыт? Дауэ хьуа? Пта экзаменыр?
- Ста хуэдэщ...
- Сыт хуэдэ упщIэ къуитар?
- Хэт ар зыщIэр?! Инджылызыбзэщ къызэрызэупщIар.

Упщ Iэ дыхьэшхэн

Университетым зэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр иокIуэкI:

- Сыт ди университетыр къыщIыхэпхар? - щIоупщIэ профессорыр.
- Папэ, кхъыIэ упщIэ дыхьэшхэнхэр къызэмыту, нэхъ псынщIэIуэу сыутIыпщ, - ет жэуап щIалэм.

Зыри хэзмыщIыкIыуи?

ЩIалэ цIыкIур школым кьикIыжауэ и адэм хуотхьэусыхэ:

- МатематикэмкIэ дезыгъадэм и предметыи зыри хэзмыщIыкIыу жиIэри, си дэфтэрым оценкэ гуэр кьригъэуваш.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **6.** Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгэ кхъухьлъатэзэхуэ хахуэ, генерал-майор. **7.** Мухьэмэд Бегъымбарыр бийм кьезыгъэпса, хьэр зи унэ хьэпщхупщ. **8.** Щы хьурейм и модель, зыфIэджэрэзыхь тетыпIэ иIэу. **11.** Акъсыпэ Залымхьан и пьесэ. **12.** Лъакъуэ куэд щIэту псым лэжьыгъэфIым, и дуней тетыкIэфIым пэкIуэу зыгуэрым ирах е фIащ лъапIэныгъэ. **34.** Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, «Кабардинка» кьэрал ансамблым и къэфакIуэ пажэу щыта.

Къьхьу: **1.** КIыщокъуэ Алим и тхыпIэ. **2.** Гъудэ, бадзэ, аргуэй сыт хуэдэхэм зэреджэ. **3.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, уэрэдыс, пшынауэ Iэзэу щыта, Щоджэнщыкъу Алий и гъусэу Бобруйск нэмыцэ гъэрэщым 1941 гъэм иIыхьа адыгэ. **4.** Нарт лIыхъужь. **5.** Адыгэ цIыхубэ уэрэд. **9.** Индиен щежэх псышхэ. **10.** Гъэр куейм щыIэ къуажэ. **15.** ФIэхъус папщIэу зыгуэрым щхьэр хуегъэзэзыхын. **16.** Дунейм нэхъыбэ дыдэу щащIэ гъавэхэкIэхэм ящыщ зы. **17.** Инэкъэ цIыкIуэхэр зэрыджэгуу щыта, кIэбдзым хэпь къущхьэ. **18.** Унагъуэм къащIэсэбэп хьэпщыпщ цIыкIу. **22.** МахуэщIэ. **24.** Си ныбжь хэкIуэтахэм щIэныгъэ хуащIу зэрызыхуагъазэ псалъэ. Гушы Iэ щIыкIэу абыкIэ зыгуэрым щызыхуагъазэ кьохьу. **25.** Щоджэнщыкъу Алий и Къэрэшей-Лацарэ» романым хэт лIыхъужь. **26.** Малкэ кьуажэм пэмыжьыжьэу Балъкъ и гъунэгъуу щыIэ Iуащхьэ, а кьуажэм ямыкIэ адыгэ щытащ. **27.** Ит зэманым, лэжьыгъэр, Iуэхур щекIуэкI зэманым. **28.** Псы Iуфитыр зэпызыщIэ, псым хэмыхьэу зэринI гъэзэгу. **29.** Кьэуат зиIэ, дагъэ зыщIэт шхыныгъуэ.

Зэхэзыльхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

Накъыгъэм 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **4.** Ерд. **6.** Шэрэз. **7.** Зэран. **12.** Жылэ. **13.** Быж. **15.** Мыщэ. **17.** Iуданэ. **18.** Пкъы. **20.** Нур. **22.** Шыугъэ. **26.** Бжьэпщ. 27. Бзыгъэ. **28.** Уэтэр. **33.** Боз. **34.** Уэркъ. **35.** Иуан. **36.** Хьэху. **39.** Щыхьэт. **41.** Мыльыф. **43.** Пшэпльэ. **45.** Хьэкъурт. **46.** Бзу. **48.** Акъужь. **49.** Гъымбу. **52.** Кьубас. **53.** Гъудэ. **55.** Курыт. **56.** Хьымыщ. **58.** Гъуабжэ. **59.** Алъэ.

Къьхьу: **1.** Без. **2.** Ауэ. **3.** ЩIэблэ. **5.** Къатыр. **8.** Бжэндэхъу. **9.** Шы. **10.** Лэныстэ. **11.** Iэдэб. **13.** Бжьы. **14.** Жан. **16.** Шагъыр. **19.** Кьэ. **20.** Ужьэ. **23.** Ущ. **24.** Ныбаблэ. **25.** Ду. **29.** Ибэ. **30.** Кьурш. **31** Тут. **32.** Шхуэ. **37.** Тхъэрыкъуэ. **38.** Кьэбыстэ. **39.** Щхьэпс. **40.** Тхъу. **41.** Мэз. **42.** Фэкъу. **43.** Пхъу. **44.** Лъабжьэ. **47.** Уэгъу. **48.** Афэ. **50.** Бабыщ. **51.** Курыжэ. **54.** Дэ. **57.** Щам. **58.** Гъупщ.

Напафэр къегъэщIэрэщIэж

Напафэр дахэу, зэмылъэу щытын папщIэ мыпхуэдэ зэхэлъэр унэм щывгъэхьэзырурэ щыфхуэ хъунущ:

Кхъуейлъалъэм къыхэщIыкIауэ

Халъхьэхэр: кхъуейлъалъэ грамм 50, зейтун (оливкэ) дагъэу зы бжэмышхышхуэ, жэгундэпс ткIуэпси 5.

Зэрагъэхьэзырыр: зейтун дагъэ гъэхуэбгар кхъуейлъалъэм хакIэри зэIащIэ, абы жэгундэпсэр хагъэзэрыхьыж.

Къызэрагъэсэбэныр: напафэ кьабзэм щахуэри, дакъикъэ 20-кIэ кIэрагъэлъ. Псы хуабэкIэ ятхьэщIыж.

ДжэдыкIэм къыхэщIыкIауэ

Халъхьэхэр: зы джэдыкIэпс, шатэпс бжэмышх цIыкIурэ ныкъуэрэ, апельсинымрэ пхъымрэ я псу ткIуэпс щырыщ.

Зэрагъэхьэзырыр: джэдыкIэпсым - рэ шатэпсымрэ фIыуэ зэхагъэзэрыхьа нэужь, апельсинымрэ пхъымрэ ящхэр хакIэри, зэщIащ хъуху зэIащIэ.

Къызэрагъэсэбэныр: напэм щахуэри, кIэрыгъущыхьыху кIэрагъэлъ. Ар псы къэкъуэлъа гъэупщIыIужакIэ ятхьэщIыж.

Грейпфрут хэлъу

Халъхьэхэр: грейпфрутым и купщIэу бжэмышхышхуитI, зы джэдыкIэ, щыгъу тIэкIу.

Зэрагъэхьэзырыр: псори зэхалъхьэри, фIыуэ зэIащIэ.

Къызэрагъэсэбэныр: напафэм хуэмурэ щахуэри, гъущыху кIэрагъэлъ. Псы хуабэкIэ ятхьэщIыж.

● Зывгъэдахэ

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъ), **ЖъэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ**(жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжьыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхуэщ Iапэ Iэхэм ядлежьэныжьмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапэм - 42-26-41; сурэтчэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеуэу зэныту щытхьам.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынцр и пщэ дальщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щымыкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм лыгъэгъаэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьудокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщкI Соня, редактору Хьэжьыкъарэ Алик, корректорхэу ПхытIыкI Юрэ *(1, 3-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 4-нэ нап.)* и корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* Дол Маринэ, Шомахуэ Марианэ, ГъукIэлI Рае, *сурэтыщIэ* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №1352

Насыпым и зы Iыхьэ

ЛэжьыгъэкIэ къызэщIэмыгъэпльа къарур махэ мэхьу.

ПИСАРЕВ Дмитрий,
урыс публицист.

Тхыльращ цIыхум и акьылым нэхъ псынщIэу зезыгъэужь Iэмалыр.

ТВАРДОВСКИЙ Александр,
урыс усакIуэ.

Уеджэу кьыбгурымыIуари уемыджэххари зыщ.

КОМЕНСКИЙ Ян,
чех философ.

ГъэсакIуэм и гъэсэнхэм къахищIыкIыну зыхуэйм хуэдэ цIыхуу езыр щыIэр хуейщ.

ДАЛЬ Владимир,
урыс тхакIуэ.

Акъылыр насыпым мыхьэнэшхуэ зиIэ и зы Iыхьэщ.

СОФОКЛ,
ялыжь драматург.

Зыми щIэмыпущIэм зыри зригъэщIэркъым.

ФУЛЛЕР Томас,
инджылыз литератор.

У Iущынар мащIэщ, ар къэбгъэсэбэныфу щытын хуейщ.

ЦИЦЕРОН Марк,
урым оратор, философ.